

**KALEPATAN *PELAFALAN FONEM* BASA JAWI WONTEN  
SANDIWARA SRI NGILANG (*THE DISAPPEARANCE OF SRI*)  
ANGGITANIPUN PROF. DR. GEORGE QUINN**

***SKRIPSI***

Dipunaturaken Dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Minangka Jejangkeping *Syarat*  
Supados anggayuh *Gelar*  
*Sarjana Pendidikan*




dening  
Dian Pertiwi  
NIM 13205244004

**PROGRAM PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2018**

## PASARUJUKAN

*Skripsi kanthi irah-irahan “Kalepatan Pelafalan Fonem Basa Jawi wonten Sandiwara Sri Ngilang (The Disappearance Of Sri) Anggitanipun Prof. Dr. George Quinn” menika saged dipunuji awit sampun angsal pasarujukan dening dosen pembimbing.*

Yogyakarta, 17 Juli 2018



**PANGESAHAN**

Skripsi kanthi irah-irahan “*Kalepatan Pelafalan Fonem Basa Jawi wonten Sandiwara Sri Ngilang (The Disappearance Of Sri) anggitanipun Prof. Dr. George Quinn*” menika sampun dipunandharaken ing pandadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* rikala tanggal 3 Agustus 2018 saha dipuntetepaken lulus.

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum.	<i>Ketua Penguji</i>		24/8 18
Sri Hertanti Wulan, M. Hum.	<i>Sekretaris Penguji</i>		24/8 18
Dra. Siti Mulyani, M. Hum.	<i>Penguji Utama</i>		24 - 8 - 2018

Yogyakarta, 24 Agustus 2018

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum.

NIP. 19571321 198303 2 004

**WEDHARAN**

Ingang *tanda tangan* ing ngandhap menika, kula:

Nama : Dian Pertiwi

NIM : 13205244004

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Medharaken bilih *skripsi* menika damelan kula piyambak. Sapangertosan kula, wosing *skripsi* menika beda kaliyan *skripsi* ingkang sinerat dening tiyang sanes, kejawi bab tartamtu ingkang kula pendhet kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha *etika* panyeratipun. Menawi wedharan menika kabukti boten leres, dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 17 Juli 2018

Panyerat,



Dian Pertiwi

## SESANTI

Tuking kamulyan iku saka anggone sregep. (Anonim)

*Segala sesuatu yang baik, selalu datang disaat terbaiknya. Persis waktunya.*

*Tidak datang lebih cepat, pun tidak lebih lambat. (Tere Liye)*

*Good is not enough, when better is possible. (Anonim)*

*Sesungguhnya sesudah kesulitan itu ada kemudahan. Maka apabila kamu telah selesai (dari suatu urusan), kerjakanlah dengan sungguh-sungguh (urusan) yang lain. (QS. Al-Insyirah 6-7)*

## PISUNGSUNG

Alhamdulillah dene Gusti kang Maha Welas Asih tansah paring pepadhang  
dhumateng kula, *skripsi* menika kula pisungsungaken dhumateng:

tiyang sepuh kula, Bapak Tukijan saha Ibu Rojiyem ingkang sampun paring  
katresnan, panyengkuyung, saha donga pangestunipun.

Bulik Juweni minangka tiyang sepuh nomer kalih kula ingkang sampun paring  
panyengkuyung supados kasil anggen kula pados ngelmu.

## PRAWACANA

Sedaya puji lan syukur dhumateng Gusti ingkang Akarya Jagad ingkang sampun paring *rahmah, hidayah* saha *inayahipun* satemah panyerat saged nyerat *skripsi* kanthi irah-irahan “*Kalepatan Pelafalan Fonem Basa Jawi Wonten Sandiwara Sri Ngilang (The Disappearance Of Sri) Anggitanipun Prof. Dr. George Quinn*” menika saged kaimpun kanthi kalis ing rubeda nir ing sambekala. *Skripsi* menika kaserat minangka jejangkeping *syarat* anggayuh gelar *Sarjana Pendidikan*.

Panyerat saged ngrampungaken *skripsi* menika kanthi pambiyantu saha panyengkuyung saking tiyang sanes. Awit saking menika panyerat ngaturaken panuwun ingkang tanpa upami dhumateng:

1. Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd. minangka Rektor UNY ingkang kanthi boten langsung sampun paring idi palilah dhumateng panyerat kangge ngrampungaken anggenipun nyerat *skripsi* menika,
2. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta lan minangka *Dosen Pembimbing* ingkang sampun paring bimbingan saha wewarah kanthi sabar lan permati satemah *skripsi* menika saged kaserat kanthi lancar,
3. Bapak Prof. Dr. Suwardi Endraswara, M.Hum. minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu saha panyengkuyung,
4. Bapak Drs. Hardiyanto, M.Hum. minangka *Dosen Penasehat Akademik* ingkang sampun paring wejangan, pambiyantu saha panyengkuyung sadangunipun panyerat pados ngelmu ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah,
5. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi saha *staf administrasi* jurusan PBD ingkang sampun paring pambiyantu ngengingi *administrasi* tumraping panyerat,

6. Bapak Prof. Dr. George Quinn minangka panyerat saking Sandiwara *Sri Ngilang* ingkang sampun paring idi palilah, sampun kersa paring *informasi* saha pamrayogi dhumateng panyerat satemah *skripsi* menika saged kalampahan kanthi lancar,
7. Ms. Ms Kirrilly McKenzie minangka narasumber *skripsi* menika ingkang sampun kersa paring *informasi* kangge jangkeping *skripsi* menika,
8. Tiyang sepuh kinasih kula, inggih Bapak Tukijan lan Ibu Rojiyem ingkang sanityasa paring katresnan, donga pangestu, paring panyengkuyung arupi *spiritual* menapa dene *material* saha paring menapa kemawon ingkang ndadosaken panyerat saged nglampahi pawiyatan dugi samenika,
9. Bu Lik Juweni minangka tiyang sepuh nomer kalih panyerat ingkang sampun paring sedayanipun tumraping panyerat supados lancar anggenipun kuliah,
10. Aditya Dimas Daniel Saputra ingkang sampun paring panglipur, *motivasi*, lan panyengkuyung saben dintenipun,
11. Ayah Hariyanto saha Bunda Wiwit ingkang sampun paring *motivasi* lan donga pangestu satemah panyerat saged ngrampungaken *skripsi* menika kanthi lancar,
12. Intan, Ria, Ariska minangka kanca kenthel saking jaman sekolah dumugi samenika ingkang boten kendhat tansah paring *motivasi* dhumateng panyerat,
13. Bella, Lingga, Atika lan Bu Wulan ingkang tansah paring boten kendhat tansah paring *motivasi* dhumateng panyerat,
14. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah kelas B angkatan 2013 FBS, UNY ingkang sampun paring pambiyantu, katresnan, saha panyengkuyung kangge lancaring panaliten menika,
15. Sedaya pehak ingkang boten saged kula sebataken setunggal mbaka setunggal, ingkang sampun paring donga saha panjurung tumrap panyerat satemah *skripsi* menika saged kaimpun kanthi sae.

Tamtu kemawon *skripsi* menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika sedaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning *skripsi* menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha katur



agunging panuwun. Wasana kanthi raos andhap asoring manah panyerat gadhah pangajab mug-mugi *skripsi* menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, Agustus 2018  
Panyerat,

Dian Pertiwi  
NIM. 13205244004

## WOSING SERATAN

IRAH-IRAHAN .....	i
PASARUJUKAN .....	1
PANGESAHAN.....	2
WEDHARAN .....	3
SESANTI .....	4
PISUNGSUNG .....	5
PRAWACANA.....	6
WOSING SERATAN .....	9
PRATELAN TETENGER .....	11
PRATELAN CEKAKAN .....	12
PRATELAN TABEL .....	13
PRATELAN LAMPIRAN .....	14
SARINING PANALITEN .....	15
BAB I PURWAKA.....	16
A.    Dhasaring Panaliten .....	16
B.    Underaning Perkawis .....	18
C.    Watesaning Panaliten.....	19
D.    Wosing Perkawis.....	19
E.    Ancasing Panaliten.....	20
F.    Paedahing Panaliten .....	21
G.    Watesaning Pangertosan .....	21
BAB II GEGARAN TEORI.....	8
A.    Pangertosan <i>Analisis</i> Kalepatan Basa .....	8

B.	Jinising Kalepatan Basa .....	11
C.	<i>Fonem</i> .....	11
D.	Wujuding Kalepatan <i>Fonemik</i> .....	30
E.	Ingang Ndayani Kalepatan Basa .....	34
F.	Panaliten ingkang Gayut .....	37
G.	Nalaring Panaliten.....	39
BAB III CARA PANALITEN .....		41
A.	Jinising Panaliten .....	41
B.	<i>Subjek lan Objek</i> Panaliten.....	41
C.	<i>Data lan Sumber Data</i> .....	41
D.	Cara Ngempalaken <i>Data</i> .....	42
E.	Pirantining Panaliten .....	43
F.	Cara <i>Analisis Data</i> .....	45
G.	Cara anggenipun Ngesahaken <i>Data</i> .....	46
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN .....		48
A.	Asiling Panaliten .....	48
B.	Pirembagan.....	55
1.	Kalepatan <i>Pelafalan Fonem Vokal</i> .....	56
2.	Kalepatan <i>Pelafalan Fonem Konsonan</i> .....	66
3.	Kalepatan <i>Pelafalan</i> awujud Ewahing <i>Fonem</i> utawi <i>Metatesis</i> .....	78
BAB V PANUTUP .....		84
A.	Dudutan.....	84
B.	<i>Implikasi</i> .....	85
C.	Pamrayogi .....	86
KAPUSTAKAN.....		87
LAMPIRAN.....		90

## PRATELAN TETENGER

- /.../ : tandha kurung miring nedahaken *transkripsi fonemis*
- [...] : tandha kurung siku nedahaken *transkripsi fonetis* inggih menika ngandharaken cara anggenipun maos.
- : tandha panah nedahaken dipunwaos utawi dipunlafalaken

**PRATELAN CEKAKAN**

B1 = Basa Kapisan

B2 = Basa Kaping Kalih

K = *Konsonan*

S - V = *Semi - Vokal*

V = *Vokal*

**PRATELAN TABEL**

<i>Tabel 1. Tuladha Kertu Data .....</i>	<b>44</b>
<i>Tabel 2. Kalepatan Pelafalan Fonem Basa Jawi.....</i>	<b>49</b>

**PRATELAN LAMPIRAN**

<i>Lampiran 1. Naskah Sandiwara Sri Ngilang .....</i>	<b>91</b>
<i>Lampiran 2. Tabel Analisis Kalepatan Pelafalan Fonem Basa Jawi ing Sandiwara Sri Ngilang.....</i>	<b>100</b>
<i>Lampiran 3. Screenshoot Email saking Prof. Dr. George Quinn.....</i>	<b>197</b>
<i>Lampiran 4. Screenshoot Email saking Kirrilly McKenzie.....</i>	<b>198</b>

**KALEPATAN PELAFALAN FONEM BASA JAWI  
WONTEN SANDIWARA SRI NGILANG (*THE DISAPPEARANCE OF SRI*)  
ANGGITANIPUN PROF. DR. GEORGE QUINN**

**Dening:  
Dian Pertiwi  
NIM 13205244004**

**SARINING PANALITEN**

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken *pelafalan fonem* basa Jawi ingkang lepat ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn, mapanipun kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi saha perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ing sandiwara menika.

Panaliten menika kalebet jinis panaliten *deskriptif*. *Subjek* panaliten inggih menika *video* sandiwara *Sri Ngilang*. Wujud datanipun inggih menika kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi. Cara anggenipun ngempalaken *data* ngginakaken *teknik* nyemak, cathet, saha *analisis*. *Validitas data* ngginakaken *triangulasi teori* lan *expert judgment*, dene *reliabilitas data* ngginakaken *reliabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten menika nedahaken wontenipun kalepatan *pelafalan fonem vokal*, *konsonan* lan *metatesis*. Wujud kalepatan *pelafalan fonem vokal* inggih *vokal* /ɔ/ dipunlafalaken [a] ing wanda kapisan lan kaping kalih menga, *fonem* /ɔ/ dipunlafalaken [o] ing wanda pungkasan menga, *fonem* /a/ dipunlafalaken [ə] ing wanda kapisan lan kaping kalih menga. *Fonem vokal* /ə/ dipunlafalaken [ɛ] ing wanda sepisan, *fonem* /ə/ dipunlafalaken [e] ing wanda sepisan, *fonem* /ɛ/ dipunlafalaken [ə] ing wanda kaping kalih, lan *fonem* /e/ dipunlafalaken [ə] ing wanda sepisan. *Fonem* /i/ dipunlafalaken [ɛ] ing wanda kaping kalih saha *fonem* /u/ dipunlafalaken [u] ing madyaning wanda. Wujud kalepatan *pelafalan fonem konsonan* inggih *fonem* /d/ dipunlafalaken [d] lan *fonem* /d/ dipunlafalaken [d̥] ing wanda kapisan lan kaping kalih. *Fonem* /t/ dipunlafalaken [t̥] ing wanda kapisan lan kaping kalih, *fonem* /t/ dipunlafalaken [t] ing wanda kaping kalih, *fonem* /t/ dipunlafalaken [ʔ] ing wanda kaping kalih lan *fonem* /t/ dipunlafalaken [d̥] ing wiwitaning wanda. *Fonem* /g/ dipunlafalaken [ʔ], saha *alofon* /ʔ/ dipunlafalaken [k] ing wanda pungkasan. Wujud kalepatan *pelafalan metatesis* inggih *fonem* /a/ dados [ə] ing wanda kapisan menga. *Fonem* /u/ dados [i] ing wanda pungkasan lan *fonem* /u/ dados [ə] ing wanda kaping kalih. *Fonem* /ə/ dados [a] ing wanda kapisan menga, lan *fonem* /c/ dados /p/ ing wanda kaping kalih. Perkawis ingkang ndayani kalepatan inggih menika kirang nguwaosi *fonem* basa Jawi amargi dereng dangu anggenipun sinau, taksih kadyan saking basa Inggris, kirang gladhen lan setiti ngginakaken basa Jawi, lan boten kuwawi nglafalaken *fonem* ingkang boten wonten ing basa Inggris.

Pamijining tembung: kalepatan *pelafalan*, basa Jawi, *video* sandiwara



## BAB I PURWAKA

### A. Dhasaring Panaliten

Basa dhaerah ingkang paling kathah panuturipun ing Indonesia inggih menika basa Jawi. Miturut *Badan Pembinaan dan Pengembangan Bahasa (Badan Bahasa)*, basa Jawi menika wonten 85 yuta panutur jati. Perkawis menika ndayani basa Jawi awrat menawi badhe dipunsinau kanthi *formal*, kagem *penutur asing* menapa dene kagem panutur jati basa Jawi menika piyambak.

*Pengajar* basa manca ndadosaken sandiwara minangka alat pasinaon ingkang ampuh, mliginipun kangge gladhen wicantenan. Salah satunggaling sandiwara basa Jawi ingkang moncer ing Indonesia irah-irahanipun *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)*. Sandiwara menika dangunipun 27 menit 52 dhetik ingkang dipundamel dening dosen lan mahasiswa *perkuliahan* basa Jawa ing Australian National University (ANU), Canberra, Australia. Sandiwara *Sri Ngilang* dipunparagakaken dening mahasiswa Australia, satemah anggenipun ngendikan logat mancanipun taksih ketingal sanget. Pramila limrah sanget menawi wonten *fonem-fonem* basa Jawi ingkang dipunlafalaken boten trep kaliyan *fonem* Jawi ingkang leres. Kathahing kalepatan anggenipun nglafalaken *fonem* basa Jawi menika narik kawigatosanipun panaliti supados nyerat panaliten bab menika.

Gegayutan kaliyan tuntunan ing bab panganggening basa, panaliti saged mendhet *data* saking kalepatan *pelafalan fonem* Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)*. Sedaya ingkang ngandhut tuntunan kedah leres

samubarangipun. Awit saking menika anggenipun nglafalaken *fonem* basa Jawi kedah leres supados ingkang ningali boten lepat anggenipun nafsiraken teges. Ananging kasunyatanipun ing sandiwara menika taksih kathah kalepatanipun ngengingi bab *pelafalan fonem* basa Jawi.

Tuladha kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ingkang taksih lepat ing sandiwara menika inggih kados ingkang badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

“Ndhung, Landhung. He Ndhung, nyang **endi** kowe?” (*Dialog1-00:43*)

Anggenipun nglafalaken *fonem* basa Jawi ingkang lepat katitik saking *lafal* ‘endi’. Miturut paugeran tata swaranipun, kedahipun dipunlafalaken [ɛndi] ananging paraga menika nglafalaken [ɛndi]. Lepatanipun mapan ing wiwitaning wanda. Perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan* menika inggih panutur boten kuwawi nglafalaken *fonem* ingkang boten wonten ing basa Inggris.

“Loh, **tak** kira **kidul** omahe Bu Sardi.” (*Dialog3-00:59*)

*Lafal* ‘tak’ kedahipun dipunlafalaken [ta?] ananging dening paraga dipunlafalaken [tak], menika ugi katitik lepat anggenipun nglafalaken *fonem alofon* basa Jawi. Wonten malih *lafal* ‘kidul’ dening paraga dipunlafalaken [kidul], dene miturut paugeran ingkang leres dipunlafalaken [kidul]. Mapanipun kalepatan ing wiwitaning wanda kaping kalih. Perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan* inggih menika panutur dereng nguwaosi saestu B2 menika.

Saking tuladha kalepatan menika saged nggambaraken taksih kathah *fonem-fonem* basa Jawi ingkang lepat saking paugeran basa Jawi. Dulay wonten Tarigan saha Tarigan (1990: 142) mahyakaken menawi *analisis* kalepatan siswa,

mliginipun kalepatan panganggening basa ngewrat kalih teges inggih menika; 1) supados angsal *data* ingkang saged dipunginakaken kangge damel dudutan babagan *hakikat proses* nyinau basa, 2) supados angsal *indikasi* utawi pitedah kagem dwija saha para *pengembang kurikulum*, perangan pundi saking basa *sasaran* ingkang paling angel dipunungelaken dening para siswa kanthi sae lan leres, saha jinising kalepatan ingkang paling awrat.

Kalepatan pelafalan fonem basa Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn menika kedah dipunleresaken supados tiyang sanes ingkang nembe sinau basa Jawi boten ngambali kalepatan menika. Prelunipun panaliten menika sageda sandiwara dipunalalisis minangka pambudidaya kangge mangertosi saha ngleresaken kalepatan *pelafalan* dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* satemah nambah *repertoar* basa.

## **B. Underaning Perkawis**

Adhedhasar perkawis ing dhasaring panaliten, saged dipunpendhet underaning perkawis ingkang badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Wujuding kalepatan *pelafalan fonem vokal, konsonan, saha semi-vokal* ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn.
2. Mapanipun *fonem vokal, konsonan, saha semi-vokal* basa Jawi ingkang lepat ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn.

3. Perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem vokal, konsonan, saha semi-vokal* basa Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn.
4. Kathahing kalepatan *pelafalan fonem vokal, konsonan, saha semi-vokal* basa Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn.

### **C. Watesaning Panaliten**

Adhedhasar underaning perkawis ing inggil menika, panaliti damel watesaning perkawis ingkang badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1. *Pelafalan fonem vokal, konsonan, saha semi-vokal* ingkang lepat ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn.
2. Mapanipun *fonem vokal, konsonan, saha semi-vokal* basa Jawi ingkang lepat ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn.
3. Perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem vokal, konsonan, saha semi-vokal* basa Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn.

### **D. Wosing Perkawis**

Saking watesaning perkawis ing inggil, panaliti saged nemtokaken wosing perkawis ingkang badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Kados pundi *pelafalan fonem vokal, konsonan, saha semi-vokal* ingkang lepat ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn?
2. Wonten pundi kemawon mapanipun *fonem vokal, konsonan, saha semi-vokal* basa Jawi ingkang lepat ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn?
3. Perkawis menapa kemawon ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem vokal, konsonan, saha semi-vokal* basa Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn?

#### **E. Ancasing Panaliten**

Miturut wosing perkawis ing inggil, ancasing panaliten kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken lepat ing *lafal fonem vokal, konsonan, saha semi-vokal* ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn.
2. Ngandharaken papaning *fonem vokal, konsonan, saha semi-vokal* basa Jawi ingkang lafalipun lepat ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn.
3. Ngandharaken perkawis menapa kemawon ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem vokal, konsonan, saha semi-vokal* basa Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn.

## **F. Paedahing Panaliten**

Panaliten menika dipunkajengaken supados saged mumpangati dhumateng para pamaos, inggih supados pamaos mangertosi kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi wonten sandiwara *Sri Ngilang* menika satemah pamaos boten ngambali malih kalepatan kasebut sarta saged paring pamrayogi dhateng pamaos kangge ngirangi kalepatan basa.

## **G. Watesaning Pangertosan**

### **1. Kalepatan**

Tarigan (1990: 272) ngandharaken bilih kalepatan inggih menika cacad *ujaran* utawi seratan. Satemah pangertosan kalepatan inggih menika perkawis ingkang boten leres. Kalepatan kalebet wujud boten leresipun anggenipun migunakaken basa, mliginipun basa lesan ingkang dipunlafalaken dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn.

### **2. Pelafalan**

Tembung *pelafalan* menika saking tembung lingga *lafal* ingkang gadhah teges caranipun panutur anggenipun mocapaken swantening basa. Menawi ing basa Jawi, *pelafalan* sami kaliyan pocapan inggih saking tembung lingga ucap tegesipun medalipun gunem (Poerwadarminta, 1939: 447). Pocapan ingkang dipunkajengaken ing panaliten menika inggih menika pocapan *fonem vokal, konsonan* saha *semi-vokal* salebeting sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn.

### 3. *Fonem*

Wedhawati (2006: 62) *Fonem* inggih menika peranganing swanten basa ingkang paling alit salebeting setunggal tembung ingkang gadhah *fungsi* mbedakaken wujud lan makna. Dene *fonem* ingkang badhe dipuntliti ing panaliten menika inggih *fonem* basa Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn.

### 4. *Basa Jawi*

Mulyani (2008: 45) gadhah pamanggih bilih tegesipun basa Jawi inggih menika sarana *komunikasi* masarakat suku Jawi. Basa Jawi inggih basa ingkang dipunginakaken dening masarakat ing laladan kitha Jawa Tengah sisih wetan (paugeranipun saking keraton Surakarta) lan masarakat ing laladan Yogyakarta (paugeranipun saking keraton Ngayogyakarta utawi Mataram). Lajeng pangertosan basa Jawi ing panaliten menika inggih basa ingkang dipunginakaken ing sandiwara *Sri Ngilang*.

### 5. *Sandiwara*

Miturut Endraswara (2011: 12) sandiwara kadadosan saking tembung sandi saha warah. Tembung sandi ingkang ateges *rahasia*, saha tembung warah tegesipun piwucal. Sandiwara inggih menika *drama* ingkang ngemot babagan piwulang ingkang kasirat wonten ing pagesangan. Wondene pangertosan sandiwara ing panaliten menika inggih sandiwara ingkang irah-irahanipun *Sri Ngilang (The Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn minangka dosen *perkuliahan* Basa Jawi ing Australian National University Canberra.

## **BAB II GEGARAN TEORI**

### **A. Pangertosan *Analisis* Kalepatan Basa**

*Analisis* kalepatan menika kadadosan saking kalih tembung, *analisis* lan kalepatan. Tembung *analisis* miturut *Kamus Besar Bahasa Indonesia* tegesipun *penyelidikan* tumrap satunggaling prastawa (karangan, lelakon, lan sapanunggalanipun) kangge mangertosi kahanan ingkang sanyatanipun (*sebab-musabab*, *duduk perkara*, lan sanesipun). Wonten malih pamanggih saking Hastuti (2003: 45) bilih tembung *analisis* tegesipun pirembagan, inggih ngawontenaken *penyelidikan* kanthi ancas manggihaken wosing perkawis ngantos dumugi dipunpendhet dudutan. Sugiyono (2009: 244) ngandharaken bilih *analisis* menika *proses* manggihaken wosing perkawis kanthi lampah-lampah ingkang *sistematis*, panaliti saged nemtokaken *metode* menapa ingkang badhe dipunginakaken kangge nлити miturut perkawis ingkang dipunrembag. Saking pinten-pinten pamanggih menika saged dipunpendhet dudutan bilih tembung *analisis* saged dipuntegesi manggihaken perkawis kanthi saestu, menapa ingkang ndayani perkawis menika saged kadadosan, lan manggihaken kados pundi sejatosipun perkawis menika.

Basa menika kaperang dados kalih, inggih menika basa lesan lan basa sinerat. Ing panaliten menika badhe nлити kalepatan basa lesan ingkang dipunginakaken dening tiyang ingkang saweg sinau basa. Panaliten menika dipunwontenaken supados mangertosi kados pundi kalepatan ingkang dipuntidakaken dening tiyang ingkang saweg sinau basa. Dene wujudipun



kalepatan basa ingkang dipuntliti inggih kalepatan *pelafalan*, kalebet leres botenipun anggenipun nglafalaken *fonem* basa Jawi menapa kalepatan amargi dereng nguwaosi *pelafalan fonem* Jawi. Tuladhanipun lepat anggenipun nglafalaken *fonem-fonem* miturut paugeran ingkang baku. Miturut Pringgawidagda (2002: 161) kalepatan basa kalebet *deviasi* utawi *penyimpangan* ingkang sipatipun ajeg, *sistematis* lan nggambaraken *kompetensi* pasinaon ing *tahap* tartamtu.

Miturut Hastuti (2003: 33) *analisis* kalepatan basa inggih menika satunggaling *proses* ingkang adhedhasar *analisis* kalepatan tiyang ingkang nembe sinau kanthi *objek* ingkang cetha. Dene *objek* ingkang dipunsinau ing bab menika inggih basa (basa bangsanipun piyambak utawi basa manca) wondene cetha menika tegesipun satunggal ingkang dados *target* utawi dipuntargetaken.

Ruru kaliyan Ruru lumantar Pateda (1989: 32) ngandharaken bilih *analisis* kalepatan inggih menika *teknik* kangge ngrembag kalepatan-kalepatan saking tiyang sanes ingkang saweg sinau basa. Kalepatan-kalepatan wau dipuntetepaken lan dipunpantha-pantha miturut *teori-teori* kaliyan *prosedur linguistik*. Kalepatan ingkang dipuntliti inggih menika kalepatan ingkang dipuntindakaken dening tiyang sanes anggenipun ngginakaken basa.

Sejatosipun ing pasrawungan saged kapanggihaken *pelafalan* ingkang memper kaliyan kalepatan ingkang dipunwastani *kekeliruan* utawi *mistake*. *Mistake* utawi *kekeliruan* menika uwaling panganggening basa amargi kirang pangatos-atosing tiyang ingkang nembe sinau basa salebetipun wicantenan. Tiyang ingkang wicantenan kesesa amargi kepengin cepet dumugi wosing bab

pirembagan ugi saged ndayani kawontenan *mistake* menika. Ananging wonten panaliten menika boten badhe ngrembag kalepatan ingkang kalebet *mistake*. Panaliten menika badhe ngrembag kalepatan basa ingkang dipunsebabaken tiyang ingkang nembe sinau basa kirang nguwaosi basa ingkang dipunsinau, utawi dipunwastani *error*. Kalepatan menika saged dipunleresaken dening dwija basa, *penutur jati*, utawi tiyang ingkang sampun langkung inggil ngelmu basanipun.

Mawarni-warni tataran basa ingkang saged dipuntliti, kadosta *fonem*, tembung, *frasa*, ukara, lan makna. Ing panaliten menika badhe dipuntliti kados pundi paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* menika nglafalaken *fonem* basa Jawi, lajeng dipuncocogaken leres menapa boten kaliyan paugeraning widya swara basa Jawi. Menawi anggenipun nglafalaken *fonem* basa Jawi menika boten cocog kaliyan paugeran, pramila tiyang menika kawastanan nindakaken kalepatan basa.

Adhedhasar pamanggih saking para winasis basa ing inggil kala wau saged dipunpendhet dudutan bilih tegesipun kalepatan basa inggih menika boten trepipun tiyang ingkang nembe sinau basa anggenipun ngginakaken basa amargi kirang nguwaosi paugeraning basa ingkang dipunsinau menika kanthi saestu.

*Analisis* ingkang dipuntindakaken ing panaliten menika inggih mirengaken utawi nyemak, nyathet, merangaken asiling *data*, lajeng dipuntafsiraken *data* pundi kemawon ingkang ngemu kalepatan *pelafalan fonem* Jawi, lan mantha-mantha *data* miturut mapanipun *fonem vokal*, *konsonan*, saha *semi-vokal* salebeting tetembungan ingkang lepat. Panaliten menika kalebet ing tataran *fonologi* amargi ngrembag bab *pelafalan fonem* mliginipun basa Jawi.

## B. Jinising Kalepatan Basa

Tiyang utawi siswa ingkang nembe sinau basa mesthi kemawon nindakaken satunggaling kalepatan. Kalepatan kasebut gadhah gegayutan kaliyan *kompetensi* saben *individu* bab kaprigelan basa. Pringgawidagda (2002: 162) damel *klasifikasi* kategori kalepatan *linguistik*, inggih menika: (a) kalepatan *fonologi*, (b) kalepatan *sintaksis*, (c) kalepatan *semantik*, (d) *leksikon*, (e) wacana. Kalepatan fonologis gayutanipun kaliyan kalepatan pocapan ungel-ungeling basa. Kalepatan *morfologis* gayutanipun kaliyan kalepatan panganggening basa. Kalepatan *sintaksis* gayutanipun kaliyan tata ukara. Kalepatan *semantik* gayutanipun kaliyan kalepatan makna. Kalepatan *leksikon* gayutanipun kaliyan anggenipun ngginakaken tetembungan lan *ungkapan*. Kalepatan wacana gayutanipun kaliyan kalepatan seratan ing satunggaling perkawis tartamtu.

Jumbuh kaliyan pamanggih ing inggil bilih tamtu kemawon panaliten menika kalebet ngrembag kalepatan *fonologis* inggih menika pocapan. Panaliten kalepatan *pelafalan* menika winates ngrembag bab lepating pocapan *fonem vokal*, *fonem konsonan* saha *fonem semi-vokal*. Pramila pocapan paraga kawastanan lepat bilih pocapan ingkang nyebal saking basa resmi dipunjumbuhaken *aspek* gramatikalipun kaliyan pandom *Fonologi Bahasa Jawa* (Mulyani, 2008).

## C. Fonem

*Fonologi* dipuntegesi minangka *kajian sistem* widya swara, inggih *kajian* bab kados pundi *struktur* lan *fungsi bunyi ujaran* salebeting satunggal basa. Kaandharaken wonten ungel ingkang saged mbedakaken makna lan wonten ugi ingkang boten mbedakaken makna (Mulyani, 2008: 2). Gayut kaliyan perkawis menika ing kajian ngelmu basa ugi dipunperang dados kalih, *fon* lan *fonem*. *Fon*

tegesipun swanten basa ingkang dipunlafalaken lan saged dipunpirengaken. *Fonem* kalebet kajian ingkang dipunwadhahi ing *subdisiplin fonetik*. Dene *fonem* tegesipun satunggaling swanten ingkang paling alit ingkang saged nedahaken *kontras makna* (Mulyani, 2008: 45). *Fonem* dipunwadhahi ing *subdisiplin fonemik*. *Fonemik* basa Jawi menika ngrembag bab perkawis-perkawis kadosta pangertosan *fonem*, *sistem vokal*, *sistem konsonan*, paugeran *fonotaktik* lan *transkripsi* ungel mawi *fonemis*.

Proses ingkang kaping pisan dipunlampahi salebetipun *analisis fonemik* inggih menika damel *transkripsi* rumiyin saking ngendikan ingkang dipuntuturaken paraga. *Simbol* saking *transkripsi fonetis* inggih menika dipunserat ngginakaken tetenger [...]. Ancas saking damel *transkripsi fonemis* menika supados makna saking *pelafalan* boten *ambigu* dipunserat ngginakaken tetenger /.../.

*Fonem* basa Jawi miturut Wedhawati (2006: 65) dipunperang dados *fonem vokal*, *fonem konsonan*, lan *fonem semi-konsonan*. Dene miturut Mulyani (2008: 22-38) titikanipun swanten basa menawi dipuntingali saking wonten menapa botenipun *artikulasi* kaperang dados kalih, *fonem vokal* lan *konsonan*.

*Fonem vokal* basa Jawi miturut Sasangka lumantar Mulyani (2008: 47) wonten pitu inggih menika /i, e, a, ə, u, o, ɔ/. Dene miturut Wedhawati (2006: 65) *fonem vokal* menika dipunperang malih dados tigang kelompok adhedhasar andhap inggiling lidhah nalika mocapaken *fonem*. Tigang kelompok menika inggih *vokal* inggil /i, u/; *vokal* madya /e, ə, o/; lan *vokal* andhap /a/. Adhedhasar ebahing lidhah nalika nglafalaken *fonem vokal* kaperang dados tigang kelompok

inggih *vokal* ngajeng /i, e/; *vokal* madya /ə, a/; lan *vokal* wingking /u, o/. Adhedhasar *jarak* lidhah kaliyan cethak *fonem vokal* kaperang dados sekawan inggih *vokal tertutup* /i, u/; *semi-tertutup* /e, o/; *semi-terbuka* /ə/; lan tinarbuka /a/. Adhedhasar wujudipun lathi nalika nglafalaken, *fonem vokal* dipunperang dados kalih inggih *vokal tak bulat* /i, e, ə, a/; lan *vokal bulat* /u, o/ (Wedhawati, 2006: 65).

Miturut Nurhayati (2006: 9) *fonem konsonan* basa Jawi inggih menika /p, b, m, w, f, d, t, n, l, r, ɖ, t̪, s, z, c, j, ñ, y, k, g, ŋ, h, ?/. Adhedhasar mapanipun *artikulasi* kaperang dados 10. Jinisipun inggih menika: (1) *bilabial* /p, p, m/; (2) *labio-dental* /w/; (3) *apiko-dental* /t, d/; (4) *apiko-alveolar* /n, l, r/; (5) *apiko-palatal* /t̪, d̪/; (6) *lamino-alveolar* /s/; (7) *medio-palatal* /c, j, ñ, y/; (8) *dorso-velar* /k, g, ŋ/; (9) *laringal* /h/; (10) *glottal stop* /ʔ/. *Klasifikasi konsonan* basa Jawi adhedhasar jinising *hambatan* wonten nem kadosta *konsonan letup* /p, b, t, d, t̪, ɖ, c, j, k, g, ?/; *konsonan nasal* /m, n, ñ, ŋ/; *konsonan sampingan* /l/; *geseran* /s, h/; *konsonan getar* /r/, *konsonan semi-vokal* /w, y/.

Mulyani (2008: 38) gadhah pamanggih bilih *konsonan* basa Jawi saged dipunperang dados kalih inggih *konsonan* ingkang nyuwanten lan *konsonan* ingkang boten nyuwanten. Tuladha *konsonan* basa Jawi ingkang nyuwanten kadosta: /b, m, d, ɖ, j, ñ, g, ŋ, n, l, r/, sarta *semi-vokal* /w, y/; wondene *konsonan* ingkang boten nyuwanten kadosta /p, t, t̪, c, k, s, x/.

## 1. *Fonem Vokal Basa Jawi*

### a. *Vokal Inggil*

*Fonem vokal* basa Jawi wonten kalih, inggih menika *vokal* inggil ngajeng *tak bulat tertutup* /i/ lan *vokal* inggil wingking *bulat tertutup* /u/. Wedharan ingkang langkung wiyar kaandharaken kados ing ngandhap menika.

#### 1) *Fonem /i/*

*Fonem /i/* anggenipun nglafalaken mawi nginggilaken perangan ngajeng lidhah, wujudipun lathi *tak bulat*, antawis lidhah kaliyan cethak menika caket satemah kawastanan *tertutup*. *Fonem* menika gadhah 2 *alofon*, inggih [i] lan [I]. *Fonem /i/* saged mapan ing wiwitaning wanda, pungkasaning wanda kapisan, madyaning wanda, lan pungkasaning tembung.

Tuladha: iki [iki] ‘*ini*’

pira [pirɔ] ‘*berapa*’

amis [amis] ‘*anyir*’

mari [mari] ‘*sembuh*’

garing [garɪŋ] ‘*kering*’

ting [tɪŋ] ‘*lampu tradisional*’

wit [wit] ‘*pohon*’

#### 2) *Fonem /u/*

*Fonem /u/* anggenipun nglafalaken kanthi nginggilaken perangan wingking lidhah, wujudipun lathi menika *bulat*, antawis ngajeng lidhah kaliyan cethak menika caket satemah kawastanan *tertutup*. *Vokal /u/* ing basa Jawi gadhah kalih *alofon* inggih [u] lan [U]. *Fonem* menika saged mapan ing wiwitaning

tembung, pungkasaning wanda kapisan, tengah wanda, lang pungkasaning tembung.

Tuladha: upa [upɔ] ‘sebutir nasi’  
 thukul [ʈukUI] ‘tumbuh’  
 umuk [umUʔ] ‘menyombongkan diri’  
 mung [mUŋ] ‘hanya’  
 luku [luku] ‘bajak’

## b. *Vokal Madya*

*Fonem vokal madya* ing basa Jawi wonten tiga, inggih menika *vokal madya ngajeng tak bulat semi-tertutup* /e/, *vokal madya tengah tak bulat semi-terbuka* /ə/, lan *vokal madya wingking bulat semi-tertutup* /o/. Langkung wiyar malih badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

### a) *Fonem /ə/*

*Fonem vokal madya tengah /ə/* namung gadhah setunggal *alofon* inggih menika [ə]. *Vokal* menika ing basa Jawi dipunwastani *vokal /ə/* pepet. Cara anggenipun nglafalaken *vokal* menika kanthi mapanaken lidhah perangan tengah ing *posisi* madya, wujudipun lathi *tak bulat*, antawisipun perangan madyaning lidhah kaliyan cethak radi tebih satemah kasebut *semi-tertutup*. *Fonem /ə/* saged mapan ing wiwitaning tembung, pungkasaning wanda kapisan, lan madyaning wanda. Boten kasumerepaken *vokal /ə/* ingkang mapan ing pungkasaning tembung.

Tuladha: emoh [əməh] ‘enggan’  
 geger [gəgər] ‘punggung’  
 metu [mətu] ‘keluar’  
 merga [mərgɔ] ‘sebab’

karep [karəp] 'kehendak'

**b) Fonem /e/**

*Fonem vokal* madya ngajeng /e/ menika gadhah kalih *alofon* inggih [e] lan [ɛ]. *Fonem* [e] dipunlafalaken kanthi mapanaken perangan ngajeng lidhah ing *posisi* madya, wujudipun lathi *tak bulat*, antawisipun lidhah kaliyan cethak radi caket satemah *semi-tertutup*. *Fonem* [ɛ] dipunlafalaken kanthi mapanaken perangan ngajeng lidhah ing *posisi* madya ananging langkung andhap sekedhik menawi dipunbandhingaken kaliyan nalika nglafalaken [e], wujudipun lathi *tak bulat*, antawisipun lidhah kaliyan cethak radi tebih satemah kawastanan *semi-terbuka*. Distribusinipun *fonem* /e/ inggih ing wiwitaning tembung, pungkasaning wanda sepisan, madyaning wanda, lan pungkasaning tembung.

Tuladha: eman [eman] 'sayang'

edi [ɛdi] 'indah'

seta [setə] 'putih'

pet [pɛt] 'minyak tanah'

kalen [kalɛn] 'selokan'

sare [sare] 'tidur'

**c) Fonem /o/**

*Fonem* /o/ gadhah kalih *alofon* inggih [o] lan [ɔ]. *Alofon* [o] menika dipunlafalaken kanthi mapanaken perangan wingking lidhah ing *posisi* madya, wujudipun lathi menika *bulat*, antawis lidhah lan cethak menika radi caket satemah kasebut *semi-tertutup*. Menawi *alofon* [ɔ] dipunlafalaken kanthi mapanaken perangan wingking lidhah ing *posisi* madya, ananging langkung radi



andhap tinimbang ungel [o], wujudipun lathi menika *bulat*, antawis lidhah lan cethak menika radi tebih satemah kawastanan *semi-terbuka*. Distribusipun *fonem vokal* [o] menika saged mapan ing wiwitaning tembung, pungkasaning wanda kapisan, madyaning wanda, lan pungkasaning tembung.

Tuladha: mobah [obah] ‘gerak’  
 obor [ɔbɔr] ‘obor’  
 loro [loro] ‘dua’  
 goroh [gɔrɔh] ‘bohong’  
 lor [lɔr] ‘utara’

### c. *Vokal Andhap*

*Fonem vokal* andhap ing basa Jawi namung wonten setunggal, inggih menika /a/. *Fonem* menika gadhah kalih *alofon*. *Distribusi* saking *fonem* /a/ menika inggih kados kaandharaken ing ngandhap menika.

#### a) *Fonem /a/*

*Fonem /a/* kalebet *vokal* andhap, ngajeng, *tak bulat*, lan tinarbuka. *Fonem /a/* ing basa Jawi kawastanan *vokal* [a] miring. *Distribusi vokal* menika saged mapan ing wiwitaning wanda, pungkasaning wanda, madyaning wanda, lan pungkasaning tembung (sekedhik sanget).

Tuladha: arep [arɛp] ‘akan’  
 ora [ora] ‘tidak’  
 pangkat [paŋkat] ‘pangkat, derajat’  
 asma [asma] ‘penyakit asma’

#### b) *Fonem /ɔ/*

*Fonem /ɔ/* kalebet *vokal* andhap, *netral*, lan tinarbuka. Ing basa Jawi dipunsebut *vokal* a jejeg. *Distribusi fonem* menika saged mapan ing wiwitaning

tembung, pungkasaning wanda kapisan, madyaning wanda, lan ing pungkasaning tembung.

Tuladha: ala [ɔlɔ] 'jelek'  
 rata [rɔtɔ] 'rata'  
 tamba [tɔmbɔ] 'obat'  
 kula [kulɔ] 'saya'

## 2. *Fonem Konsonan Basa Jawi*

### a. *Konsonan Bilabial*

*Fonem konsonan bilabial* ing basa Jawi wonten tiga, inggih menika /p, b, m/. *Realisasi alofon* tigang *fonem* menika dipunwastani *bilabial* amargi dipunlafalaken kanthi *hambatan* ing lathi perangan inggil lan lathi perangan andhap. *Distribusi fonem-fonem* menika kados ingkang badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

#### a) *Fonem /p/*

*Fonem* menika kalebet *konsonan hambat letup bilabial* nyuwanten *oral*. Distribusipun inggih saged mapan ing wiwitaning wanda lan ing pungkasaning tembung.

Tuladha: pitik [pitɪʔ] 'ayam'  
 pasa [pɔsɔ] 'puasa'  
 pipa [pipɔ] 'pipa'  
 mampet [mampət] 'tersumbat'  
 arip [arɪp] 'mengantuk'  
 ganep [ganəp] 'genap'

**b) Fonem /b/**

*Fonem /b/* kalebet *konsonan hambat letup bilabial* nyuwanten *oral*. Ing basa Jawi distribusipun *fonem /b/* menika saged mapan ing wiwitaning wanda lan ing pungkasaning tembung.

Tuladha: bali [bali] ‘kembali’  
 baku [baku] ‘pokok’  
 sabar [sabar] ‘sabar’  
 subur [subUr] ‘subur’  
 abab [abab] ‘nafas’  
 rebab [rebab] ‘rebab’

**c) Fonem /m/**

*Fonem* menika kalebet *konsonan nasal bilabial*, lan sedaya *konsonan nasal* kalebet *konsonan* ingkang nyuwanten. *Fonem /m/* saged mapan ing wiwitaning wanda lan ing pungkasaning tembung.

Tuladha: mala [mɔlɔ] ‘penyakit’  
 mata [mɔtɔ] ‘mata’  
 rama [rɔmɔ] ‘bapak’  
 dami [dami] ‘jerami’  
 ayem [ayəm] ‘tenteram’  
 gelem [gələm] ‘mau’

**b. Konsonan Apiko-Dental**

*Fonem konsonan apiko-dental* ing basa Jawi wonten kalih, inggih menika /t/ kaliyan /d/. Kekalihipun *fonem* menika dipunwastani *apiko-dental* amargi *realisasi alofon*ipun dipunlafalaken kanthi *hambatan* pucuking lidhah

kaliyan waja perangan nginggil. Langkung cetha malih badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

**a) Fonem /t/**

*Fonem /t/ kalebet konsonan hambat letup apiko-dental boten nyuwanten oral. Ing basa Jawi fonem menika saged mapan ing wiwitaning wanda lan ing pungkasaning tembung.*

Tuladha: tuna [tunɔ] ‘rugi’  
 tuwa [tuwɔ] ‘tua’  
 betah [bətah] ‘betah’  
 bata [bɔtɔ] ‘batu bata’  
 lulut [lulUt] ‘akrab’  
 luput [lupUt] ‘salah’

**b) Fonem /d/**

*Fonem menika kalebet konsonan hambat letup apiko-dental nyuwanten oral. Ing basa Jawi fonem /d/ saged mapan ing wiwitaning wanda lan ing pungkasaning tembung.*

Tuladha: dara [dɔrɔ] ‘merpati’  
 driji [driji] ‘jari’  
 padu [padu] ‘bertengkar’  
 sada [sɔdɔ] ‘lidi’  
 babad [babad] ‘cerita sejarah’  
 murid [murId] ‘siswa’

**c. Konsonan Apiko-Alveolar**

*Fonem konsonan apiko-alveolar ing basa Jawi wonten tiga, inggih menika /n, l, r/. Tigang fonem menika dipunwastani apiko-alveolar amargi*

*realisasi alofonipun dipunlafalaken kanthi hambatan awujud pucuking lidhah lan wingkisan perangan nglebet. Langkung wiyar malih badhe kaandharaken ing ngandhap menika.*

**a) Fonem /n/**

*Fonem menika kalebet konsonan nasal apiko-alveolar nyuwanten.*

*Distribusi fonem menika saged mapan ing wiwitaning wanda lan pungkasaning tembung.*

Tuladha: nama [nɔmə] ‘nama’  
 nata [nɔtɔ] ‘menata’  
 pana [pɔnɔ] ‘tahu’  
 wana [wɔnɔ] ‘hutan’  
 aran [aran] ‘nama’  
 jaran [jaran] ‘kuda’

**b) Fonem /l/**

*Fonem menika kalebet konsonan sampingan apiko-alveolar nyuwanten*

*oral. Distribusi fonem menika saged mapan ing wiwitaning wanda, konsonan kaping kalih ing klaster, lan ing pungkasaing tembung.*

Tuladha: lega [ləgɔ] ‘lega’  
 lena [lenɔ] ‘kawi, mati’  
 mula [mulɔ] ‘maka’  
 lali [lali] ‘lupa’  
 glali [glali] ‘gulali’  
 klasa [klosɔ] ‘tikar’  
 tutul [tutUl] ‘bintik’  
 prigel [prigɛl] ‘terampil’

**c) Fonem /r/**

*Fonem /r/ kalebet konsonan getar apiko-alveolar nyuwanten oral. Konsonan menika saged mapan ing wiwitaning wanda, wanda tinarbuka (fonem kaping kalih ing satunggaling klaster) lan ing pungkasaning tembung.*

Tuladha: rina [rinɔ] ‘siang hari’  
 rena [rɛnɔ] ‘senang’  
 arang [araŋ] ‘jarang’  
 larang [laraŋ] ‘mahal’  
 krasa [krɔsɔ] ‘terasa’  
 kramun [kramUn] ‘gerimis’  
 elar [ɛlar] ‘diperluas’  
 mulur [mulUr] ‘memanjang’

**d. Konsonan Apiko-Palatal**

*Fonem konsonan apiko-palatal ing basa Jawi wonten kalih, inggih menika /t/ kaliyan /d/. Kekalih fonem menika dipunwastani apiko-palatal amargi realisasi alofonipun dipunlafalaken kanthi hambatan pucuking lidhah kaliyan cethak. Fonem konsonan apiko-palatal ingkang langkung cetha kaandharaken ing ngandhap menika.*

**a) Fonem /t/**

*Fonem /t/ kalebet konsonan hambat letup apiko-palatal boten nyuwanten oral. Ing basa Jawi konsonan menika mapan ing wiwitaning wanda.*

Tuladha: thukul [tʉkUl] ‘tumbuh’  
 thuthuk [tʉtʉU?] ‘pukul’  
 kanthi [kanti] ‘dengan’  
 kathah [kaʉah] ‘banyak’

**b) Fonem /ɖ/**

*Fonem* menika kalebet *konsonan hambat letup apiko-dental* nyuwanten *oral*. *Konsonan* menika saged mapan ing wiwitaning wanda.

Tuladha: dhewe [ɖewe] ‘sendiri’  
 dhuku [ɖuku] ‘buah duku’  
 wedhi [wəɖi] ‘takut’  
 adhi [aɖi] ‘adik’

**e. Konsonan Lamino-Alveolar**

*Fonem konsonan lamino-alveolar* ing basa Jawi menika *fonem /s/*. *Fonem* menika dipunwastani *lamino-alveolar* amargi *realisasi alofonipun* dipunlafalaken kanthi *hambatan* lidhah kaliyan wingkisan perangan nginggil. Wedharanipun kados ing ngandhap menika.

**a) Fonem /s/**

*Fonem* menika kalebet *konsonan geseran lamino-alveolar* boten nyuwanten *oral*. Ing basa Jawi *fonem* menika saged mapan ing wiwitaning wanda, lan ing pungkasaning tembung.

Tuladha: sega [səgə] ‘nasi’  
 sasi [sasi] ‘bulan’  
 atus [atUs] ‘ratus’  
 panas [panas] ‘panas’

**f. Konsonan Medio-Palatal**

*Fonem konsonan medio-palatal* ing basa Jawi wonten sekawan, inggih menika [c, j, ñ] lan *fonem semi-vokal* [y]. Sekawan *fonem* menika dipunwastani *medio-palatal* amargi *realisasi alofonipun* dipunlafalaken kanthi *hambatan*

awujud madyaning lidhah kaliyan cethak. Andharanipun kados ing ngandhap menika.

**a) Fonem /c/**

*Fonem /c/* menika kalebet *konsonan hambat letup medio-palatal* boten nyuwanten *oral*. Ing basa Jawi *konsonan* menika saged mapan ing wiwitaning wanda.

Tuladha: cuwa [cuwɔ] ‘kecewa’  
 coro [coro] ‘kecoa’  
 waca [wɔcɔ] ‘baca’  
 reca [rɛcɔ] ‘arca’  
 kucing [kucɪŋ] ‘kucing’

**b) Fonem /j/**

*Fonem /j/* kalebet *konsonan hambat letup medio-palatal* nyuwanten *oral*. Ing basa Jawi *fonem* menika saged mapan ing wiwitaning wanda.

Tuladha: jiwit [jiwit] ‘cubit’  
 jamu [jamu] ‘jamu’  
 waja [wɔjɔ] ‘gigi’  
 ajrih [ajrih] ‘takut’

**c) Fonem /ñ/**

*Fonem* menika kalebet *konsonan nasal medio-palatal* nyuwanten. Ing basa Jawi *fonem* menika saged mapan ing wiwitaning wanda.

Tuladha: nyana [ñɔnɔ] ‘kira’  
 banyu [bañu] ‘air’  
 anyep [añɛp] ‘dingin’  
 lunyu [luñu] ‘licin’



nyawa [ñɔwɔ] ‘nyawa’

### **g. Konsonan Dorso-Velar**

*Fonem konsonan dorso-velar* ing basa Jawi wonten tiga, inggih menika /k, g, ŋ/. Tigang *fonem* menika dipunwastani *dorso-velar* amargi *realisasi alofonipun* dipunlafalaken kanthi *hambatan* ing poking lidhah kaliyan cethak perangan wingking.

#### **a) Fonem /k/**

*Fonem /k/* kalebet *konsonan hambat letup dorso-velar* boten nyuwanten *oral*. *Fonem* menika saged mapan ing wiwitaning tembung, wiwitaning wanda lan ing pungkasaning tembung. Menawi ing pungkasaning tembung *fonem* menika dipunlafalaken minangka *glottal stop*.

Tuladha: kaya [kɔyɔ] ‘seperti’  
 kuru [kuru] ‘kurus’  
 saka [sɔkɔ] ‘dari’  
 papak [papa?] ‘tumpul’  
 awak [awak] ‘badan’

#### **b) Fonem /g/**

*Fonem /g/* kalebet *konsonan hambat letup dorso-velar* nyuwanten *oral*. Ing basa Jawi *konsonan* menika saged mapan ing wiwitaning wanda lan pungkasaning tembung. Menawi mapan ing pungkasaning tembung, *fonem /g/* menika namung winates ing tembung-tembung tartamtu utawi *beban fungsionalipun* andhap.

Tuladha: galih [gallh] ‘pikir’

gulu [gulu] 'leher'  
 iga [igɔ] 'tulang rusuk'  
 gula [gulɔ] 'gula'  
 logro [logro] 'longgar'

**c) Fonem /ŋ/**

*Fonem /ŋ/* kalebet *konsonan nasal dorso-velar* ingkang saged mapan ing wiwitaning wanda lan pungkasaning tembung.

Tuladha: ngambar [ŋambar] 'semerbak wangi'

ngarep [ŋarəp] 'depan'  
 jangan [jaŋan] 'sayur'  
 ngono [ŋono] 'demikian'  
 adang [adaŋ] 'menanak nasi'

**h. Konsonan Laringal**

*Fonem konsonan laringal* utawi *glottal* ing basa Jawi namung wonten setunggal, inggih menika /h/. *Realisasi alofon fonem* menika dipuwastani *laringal* utawi *glottal* amargi dipunlafalaken kanthi *hambatan* awujud *pangkal tenggorok* utawi *rongga laring*, mliginipun ing papanipun *pita swanten*. *Fonem /h/* dipunlafalaken kanthi nyempitaken *glotis* ing *pita swanten* satemah *arus udara* saking paru-paru kalimput lan medal kanthi nggeser. *Fonem /h/* saged mapan ing wiwitaning tembung, madyaning tembung lan ing pungkasaning tembung.

Tuladha: adoh [adoh] 'jauh'  
 juruh [jurUh] 'air gula'  
 tahu [tahu] 'tahu, jenis makanan'

### i. *Konsonan Glottal Stop*

*Fonem konsonan glottal stop* utawi *glotal hamzah* ing basa Jawi namung wonten setunggal, inggih menika /ʔ/. Dipunwastani *glottal stop* amargi *realisasi alofon fonem* menika dipunlafalaken kanthi *hambatan* ing *pita* swanten. *Fonem /ʔ/* dipunlafalaken kanthi ngrapetaken *pita* swanten satemah kahanan *glottis* menika katutup. Pramila, hawa saking paru-paru kalimput, ananging kanthi dadakan *pita* swanten menika dipunrenggagaken malih. Kanthi *fonemis*, /ʔ/ namung mapan ing pungkasaning wanda lan ing pungkasaning tembung.

Tuladha: anak [anaʔ] ‘anak’  
galak [galaʔ] ‘galak’  
apik [apIʔ] ‘bagus’

## 3. *Fonem Semi-vokal Basa Jawi*

### a. *Semi-vokal Labio-Dental*

*Fonem semi-vokal labio-dental* ing basa Jawi wonten kalih, inggih menika /w/ kaliyan /y/. *Fonem* menika dipunwastani *labio-dental* amargi *realisasi alofonipun* dipunlafalaken kanthi *hambatan* lathi perangan ngandhap kaliyan waja perangan nginggil. Langkung cetha malih kaandharaken ing ngandhap menika.

#### a) *Fonem /w/*

*Fonem* menika kalebet *semi-vokal labio-dental*, nyuwanten *luncuran*. Ing basa Jawi *fonem /w/* saged mapan ing wiwitaning wanda.

Tuladha: walang [walaŋ] ‘belalang’  
lawa [lawɔ] ‘kelelawar’  
wani [wani] ‘berani’  
tuwa [tuwɔ] ‘tua’

**b) Fonem /y/**

*Fonem* menika kalebet *semi-vokal medio-palatal luncuran* nyuwanten.

*Fonem /y/* saged mapan ing wiwitaning wanda lan madyaning wanda.

Tuladha: yoga [yogɔ] ‘anak’  
 yekti [yəkti] ‘nyata’  
 kayu [kayu] ‘kayu’  
 yuyu [yuyu] ‘kepiting’  
 kyai [kyai] ‘kiai’

**4. Konsonan Rangkep Basa Jawi**

Kejawi *konsonan* tunggal, ing fonologi basa Jawi ugi wonten *konsonan* rangkep. Ingkang dipuntegesi *konsonan* rangkep inggih menika ngginakaken kalih *konsonan* utawi langkung ingkang beda salebeting setunggal wanda kanthi runtut. *Konsonan* rangkep ugi kawastanan *gugus konsonan* utawi *klaster*. Ing basa Jawi *klaster* awujud satunggal *fonem* ingkang saged dipunkanthi dening *fonem /r, l, w, y/*.

**a. Fonem Konsonan Rangkep /r/**

*Fonem* ingkang saged dipunkanthi dening *fonem /r/* kangge mujudaken satunggal *klaster* inggih *fonem /p, b, m, w, t, d, ʈ, ɖ, s, c, j, k, g/*.

Tuladha: priya [priyɔ] ‘pria’  
 abrit [abrɪt] ‘merah’  
 mrica [mricɔ] ‘merica’  
 wredha [wrɛðɔ] ‘tua’  
 tresna [trɛsnɔ] ‘cinta’  
 driji [driji] ‘jari’  
 threthel [tʃrɛtʃɛl] ‘lepas’

dhredheg [d̥rəd̥əg] ‘getar’  
 asri [asri] ‘permai’  
 crita [critə] ‘cerita’  
 jrigen [jriɣən] ‘jirigen’  
 kreta [krətə] ‘kereta’  
 grimis [grimɪs] ‘gerimis’

**b. Fonem Konsonan Rangkep /l/**

*Fonem* basa Jawi ingkang saged dipunkanthi dening *fonem* /l/ supados saged mujudaken setunggal *klaster* inggih menika /p, b, t, d, s, c, j, k, g/.

Tuladha: keplok [kəplok] ‘tepuh tangan’  
 blarak [blarak] ‘daun kelapa’  
 tlale [tlale] ‘belalai’  
 dluwang [dluwaŋ] ‘kertas’  
 slamet [slamət] ‘selamat’  
 menclok [menclok] ‘hinggap’  
 anjlog [anjlog] ‘melompat turun’  
 kluruk [klurʊk] ‘berkokok’  
 glugu [glugu] ‘batang kelapa’

**c. Fonem Semi-vokal Rangkep /w/**

Ing basa Jawi *fonem* ingkang saged dipunkanthi dening *fonem* /w/ supados mujudaken setunggal *klaster* inggih menika /d, l, c, k, s/.

Tuladha: dwija [dwijə] ‘guru’  
 lwir [lwɪr] ‘seperti’  
 cwewek [cwewək] ‘cara mencubit pipi’  
 kwaci [kwaci] ‘kuaci’  
 swargi [swargi] ‘almarhum’

#### d. *Fonem Semi-vokal Rangkep /y/*

Ing basa Jawi *fonem* ingkang saged dipunkanthi dening *fonem /y/* supados mujudaken setunggal *klaster* inggih menika /p, b, m, t, d, k, g, w, h, ŋ/.

Tuladha: pyan [pyan] ‘langit-langit’  
 byar [byar] ‘seketika terang’  
 myang [myaŋ] ‘dan’  
 setya [sətyɔ] ‘setia’  
 sedya [sədyɔ] ‘niat’  
 kyai [kyai] ‘kiai’  
 bagya [bagyɔ] ‘bahagia’  
 wyaen [wyaɛn] ‘enggan dan pilih-pilih (makan)’  
 hyun [hyUn] ‘akan, mau’  
 ngyeyes [ngyɔyəs] ‘dingin sekali’

#### D. Wujuding Kalepatan *Fonemik*

Kalepatan basa ing tataran *fonologi* menika gayutipun kaliyan kalepatan basa ingkang kadadosan ing basa lesan kaliyan basa sinerat. Wonten pamanggih saking Sasangka (2001) bilih kejawi nyinau bab jinising *fonem* ugi nyinau perkawis ewahing *fonem*. Ewahing *fonem* saged dipunperang wonten pinten-pinten jinis, kados ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

##### a. Langkuninging *Fonem*

###### 1) *Protesis*

Sasangka (2001: 19) paring teges bilih ingkang dipunwastani *protesis* inggih menika langkuninging swanten ing wiwitaning tembung ingkang boten ngewahi suraosipun tembung.

Tuladha: Nanging → ananging  
 jare → ujare

ana	→	<b>nana</b>
ing	→	<b>ning</b>
adi	→	<b>hadi</b>

## 2) *Epentesis*

*Epentesis* inggih menika langkunging swanten ing madyaning tembung (seselan) ingkang boten ngewahi suraosing tembung (Sasangka, 2001: 19).

Tuladha: kambil	→	<b>krambil</b>
akasa	→	<b>angkasa</b>
sisot	→	<b>singsot</b>
ngipi	→	<b>ngimpi</b>
upama	→	<b>umpama</b>

## 3) *Paragog*

*Paragog* inggih langkunging swanten ing pungkasaning tembung, nanging suraosipun tembung boten ngantos ewah (Sasangka, 2001: 19).

Tuladha: nganti	→	<b>ngantik</b>
sudi	→	<b>sudik</b>
dudu	→	<b>duduk</b>
ora	→	<b>orak</b>
ibu	→	<b>ibuk</b>

## b. Sudaning *Fonem*

### 1) *Aferesis*

Sasangka (2001: 20) gadhah pamanggih bilih ingkang dipunwastani *aferesis* inggih menika sudaning swanten ing wiwitaning tembung ingkang boten damel ewah suraosing tembung.

Tuladha: **kakang** → kang  
**uwong** → wong  
**bapak** → pak  
**bisa** → isa  
**ḍudu** → udu

## 2) Sinkop

*Sinkop* inggih menika sudaning swanten ing madyaning tembung ingkang boten damel ewah suraosing tembung menika (Sasangka, 2001: 20).

Tuladha: **sethithik** → sithik  
**temenan** → tenan  
**njaluk** → njuk  
**dhuwit** → dhit  
**weneh** → weh

## 3) Apokop

Miturut Sasangka (2001: 20) ingkang dipunwastani *apokop* inggih menika sudaning swanten ing pungkasaning tembung ingkang boten damel ewah suraosing tembung menika.

Tuladha: **temenan** → temen  
**kuluban** → kulub  
**mbakyu** → mbak  
**kakang** → kak  
**dhimas** → dhi



### c. *Pergeseran Fonem*

#### 1) *Asimilasi lan Disimilasi*

Miturut Chaer (1994: 132) *asimilasi* inggih menika ewahing swanten amargi wonten *pengaruh* swanten saking lingkungan sakiwa tengenipun, satemah swanten menika dados memper utawi gadhah titikan ingkang sami kaliyan swanten ingkang maringi *pengaruh* menika. Ananging menawi ewahing swanten menika damel ewahing *fonem*, pramila kawastanan *asimilasi fonemis* (Verhaar, 1996: 78). Tuladhanipun tembung ‘akasa’ dados ‘angkasa’. Ewahing *fonem* /ŋ/ amargi *pengaruh* saking *fonem* /k/ ingkang mapanipun ing wiwitaning wanda kaping kalih.

Dene *disimilasi* inggih menika ewahing swanten amargi gantosing papan swanten menika ingkang boten damel ewah suraosing tembung.

Tuladha: lara-lara	→	lara-lapa
sajjana	→	sarjana
citta	→	cipta

#### d. *Kontraksi*

Verhaar (1996: 79) paring teges bilih *kontraksi* inggih menika damel cekaking *ujaran* ing salebeting pawicantenan ing swasana *informal*, satemah pamicara langkung remen nyekak tetembunganipun. Anggenipun damel cekaking tembung menika saged arupi icalipun setunggal *fonem* utawi langkung. Tuladhanipun inggih menika “arep menyang pasar” dipunlafalaken “rep nyang pasar”, “ora weruh” dados “ra ruh”.

### e. *Metatesis*

Proses *metatesis* saneh ngewahi wujuding *fonem* tartamtu dados *fonem-fonem* sanesipun, nanging ngewahi urutaning *fonem* ing salebeting tembung (Verhaar, 1996: 79).

Tuladha: wira-wiri	→	riwa-riwi
sruput	→	srutup
tepes	→	sepet
tholo	→	lotho
bejad	→	jebad

### E. **Ingang Ndayani Kalepatan Basa**

Basa minangka alat kang utama kangge *komunikasi* salebeting sesrawungan. Satemah ing papan pundi kemawon ingkang kadadosan *aktivitas*, ing papan menika ugi kadadosan *aktivitas* basa. Para ahli paring watesan bab basa minangka satunggaling *sistem lambang bunyi* ingkang sipatipun *arbitrer* ingkang dipunginakaken dening satunggaling *kelompok* masarakat kangge *interaksi* lan damel *identifikasi diri* (Abdul Chaer, 1994). *Sistem* lan *lambang* basa nedahaken bilih saben *lambang* basa kadosta tembung, *frase*, *klausa*, ukara, lan wacana tansah gadhah makna tartamtu ingkang saged owah ing wekdal lan *situasi* tartamtu utawi saged ugi boten owah.

Ananging boten kathah tiyang ingkang nggatosaken perkawis kados pundi basa saged dipunginakaken kangge srana *komunikasi* ingkang *efektif*, satemah minangka akibatipun panutur satunggaling basa asring ngalami *kesalahpahaman* ing swasana lan *konteks* tuturipun. Miturut Leech (1983: 20) paring pangertosan bilih *konteks* minangka satunggaling pangertosan dhasar

ingkang dipungadhahi dening panutur lan *mitra tutur* ingkang paring pambiyantu *mitra tutur* nafsiraken makna *tuturan*. Menawi panutur menika lepat anggenipun nglafalaken *fonem-fonem*, tamtu kemawon kalepatan *pelafalan* menika damel risaking makna *tuturan*. Menawi makna *tuturan* sampun risak, ancasing *komunikasi* ingkang kaajab panutur lan *mitra tutur* saged nafsiraken makna *tuturan* salebeting *komunikasi* menika boten badhe kalampahan.

*Pelafalan* dipunwastani lepat bilih wonten bab ingkang ndayani lepat ing pocapan *fonem*. Perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan* asalipun saking panutur basa. Setyawati (2010: 15) nyebataken bilih wonten tigang perkawis ingkang ndayani panutur saged nindakaken kalepatan basa. Perkawis ingkang ndayani lepat *pelafalan*, dipunadharaken ing ngandhap menika.

- 1) Kenging *pengaruh* saking basa ingkang saderengipun dipunkuwaosi, satemah nyebabaken wontenipun *interferensi* dhumateng basa ingkang saweg dipunsinau dening panutur. Sumber kalepatan inggih saking prabedanipun *sistem linguistik* basa kapisan (B1) kaliyan *sistem linguistik* basa kaping kalih (B2). Tiyang ingkang saweg sinau B2 limrah sanget menawi nindakaken kalepatan.
- 2) Kiranging pangertosan bab panganggening basa tumrap basa ingkang dipunginakaken, inggih perkawis ingkang wonten gayutipun kaliyan kados pundi ngginakaken paugeran basa ingkang baku.
- 3) Pasinaon basa ingkang kirang trep utawi kirang sampurna. Bab menika gumantung kaliyan *materi* ingkang dipunsinau utawi dipungladhi. Tuladha cara anggenipun nindakaken pasinaon kadosta pamilihing *teknik penyajian*,

*intensitas* anggenipun ngginakaken basa, lan media sinau basa ingkang dipunginakaken.

Dene miturut Hastuti (2003: 79) ngandharaken bilih kalepatan ingkang dipungambaraken inggih menika *gelincir* awit saking kirang ngatos-atos panutur nalika mocapaken basa. Hastuti (2003: 79) mahyakaken sekawan bab ingkang ndayani lepat ing pocapan, dipunadharaken ing ngandhap menika.

### 1) Lepat

Kangge mahyakaken tegesing tembung lepat dipuntandhingaken kaliyan tembung, tegesipun inggih menika menapa ingkang dipuntindakaken (bilih panutur lepat) boten leres, boten ngrunut *norma*, boten ngrunut paugeran ingkang sampun katamtokaken. Bab menika kadadosan mbok bilih amargi panutur dereng mangertos, boten mangertos wonten *norma*, ugi saged panutur kirang gladhen B2 menika.

### 2) Penyimpangan

Tegesipun *menyimpang* saking *norma* ingkang sampun katamtokaken. Panutur boten kersa, emeng ngrunut *norma* ingkang sampun wonten. Panutur menika sejatosipun mangertos wonten *norma*, nanging kanthi boten nggatosaken saha madosi *norma* sanes ingkang dipunanggep jumbuh kaliyan pamanggihipun. Bab sanesipun ingkang njurung, amargi panutur gadhah pangangen-angen ingkang teteg satemah boten saged ewah amargi bab sanes.

### 3) Pelanggaran

Tegesipun inggih suka pamanggih *negatif* amargi panutur kanthi sadar boten kersa nganut paugeran ingkang sampun katamtokaken, sinaosa panutur

mangertos bilih menapa ingkang dipuntindakaken ndadosaken bab ingkang awon.

#### 4) *Kekhilafan*

Inggih menika *proses psikologi* ing bab menika mratandhani bilih panutur menika *khilaf* ngetrepaken *norma*, mbok bilih saged lepat anggenipun mocapaken amargi kirang setiti utawi kesesa anggenipun nglafalaken.

Saking andharan ing inggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih ingkang ndayani kalepatan pelafalan fonem basa Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang* ingkang jumbuh kaliyan *teori* ing inggil menika inggih kenging pengaruh saking B1, pasinaon basa ingkang kirang trep utawi kirang sampurna, lan kirang setiti utawi kesesa anggenipun nglafalaken. Menawi tiyang ingkang saweg sinau basa menika kulina anggenipun ngginakaken B2 menika lan kersa nyinau paugeran basa kasebut, pramila kalepatanipun saged langkung dipunendhani.

### **F. Panaliten ingkang Gayut**

Panaliten ingkang gayut sampun nate dipuntindakaken dening sawetawis pehak. Panaliten ingkang *relevan* kasebut antawisipun kados ing ngandhap menika.

1. Panaliten “*Kalepatan Pocapan Fonem wonten ing Sesorah Siswa Kelas VIII SMP Negeri 1 Prambanan*” dening Diyah Kusumaayu Cahya Ningrum taun 2013

*Objek* panalitenipun inggih saking sesorah siswa kelas VIII ingkang migunakaken basa baku. Asiling panaliten nedahaken bilih wonten nem wujud ing kalepatan anggenipun ngginakaken *fonem* basa Jawi baku salebeting sesorah.

Wujuding kalepatan menika inggih kalepatan pocapan *fonem vokal*, kalepatan pocapan *fonem konsonan*, tambahing *fonem*, sudaning *fonem*, lepat pocapan lan sudaning *fonem* saha *metatesis*.

Panaliten ing inggil kaliyan panaliten ingkang dipuntindakaken panaliti sami, inggih ngengingi *bidang linguistik*, mliginipun bab *fonologi*. *Data* panaliten sami ngginakaken basa lesan, inggih menika *lafal* basa Jawi ingkang kadadosan wontenipun kalepatan basa. Bedanipun inggih menika, panaliten ingkang dipuntindakaken Diyah Kusumaayu Cahya Ningrum menika, sumber *data* panaliten saking sesorah para siswa kelas VIII SMP N 1 Prambanan. Dene *sumber data* ing panaliten menika inggih saking pocapan paraga ing sandiwara *Sri Ngilang*.

2. Panaliten “Kalepatan *Fonologis* saha *Morfologis* Basa Jawi ing *Subtitle Sandiwara Korea Spy Girl*” dening Nugraheni Sri Purwanti taun 2009.

Asiling panaliten menika inggih ngengingi kalepatan ing panyerating tembung ingkang dipuntambah *vokal* saha lepat ing panyerating wuwuhanipun. Tembung ingkang kirang *konsonan* saha lepat ing panyerating *proklitik*, ater-ater, wuwuhan sesarengan sarta tembung rangkep. Tembung ingkang lepat *ejaan vokal* saha lepat ing panyerating *proklitik*, ater-ater, panambang, saha tembung rangkep. Tembung ingkang lepat *ejaan konsonan* saha lepat ing panyerating wuwuhan sesarengan, *proklitik*, *enklitik*, panambang, sarta tembung rangkep. Dene panaliten ingkang dipuntindakaken panaliti namung badhe nliiti bab kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang*. Panaliten ingkang dipuntindakaken

panaliti menika anggenipun ngempalaken *data* ngginakaken cara ingkang sami kaliyan panaliten dening Nugraheni Sri Purwanti.

### G. Nalaring Panaliten

Basa Jawi inggih menika basa dhaerah ingkang dipunginakaken minangka sarana *komunikasi* dening masarakat Jawi, mliginipun ingkang lenggah ing tlatah Jawa Tengah, DIY lan saperangan Jawa Timur. Sinau basa minangka wujud saking kagiyatan komunikasi, pramila wontenipun kalepatan tamtu kemawon perkawis ingkang limrah sanget. Kaprigelan ngginakaken basa Jawi saben tiyang ugi boten sami, satemah saged ndadosaken kalepatan anggenipun medharaken gagasan. Ngginakaken basa Jawi menika gayutanipun kaliyan pocapan salebeting gineman. Pocapan saged ugi maujud kados dene sandiwara Sri Ngilang.

Nalika masarakat gineman ngginakaken basa Jawi, asring wonten kalepatan ing maneka *bidang*. Salah satunggaling *bidang* basa inggih *fonologi*. Kalepatan basa lesan ing *fonologi* menika awujud kalepatan *pelafalan fonem*.

Bab menika saged dipunwastani lepat (*error*) amargi penuturipun boten gadhah kaprigelan utawi katrampilan ingkang cekap ing bab ngginakaken basa Jawi ingkang trep kaliyan paugeran basa Jawi, mliginipun anggenipun ngginakaken *fonem* basa Jawi. Beda malih kaliyan *mistake*, inggih menika sejatosipun *penutur* sampun mangertosi anggenipun ngginakaken basa Jawi miturut paugeran basa. Ananging, amargi satunggaling perkawis, *penutur* dados kesupen kaliyan paugeran basa menika nalika *penutur* ngginakaken satunggaling basa. Menawi dipuntingali saking gramatikalipun, anggenipun ngginakaken

*fonem* basa Jawi kasebut dipunanggep lepat amargi dipuncocogaken kaliyan paugeran Baoesastra Djawa (Poerwadarminta, 1939), *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa* (Sudaryanto, 1991), lan *Tata Bahasa Jawa Mutakhir* (Wedhawati, 2006).

Salah satunggaling tuladha wontenipun kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi inggih menika ing pacelathon-pacelathon salebeting sandiwara *Sri Ngilang*. Kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ing sandiwara “Sri Ngilang (*the Disappearance of Sri*)” anggitanipunipun Prof. Dr. George Quinn inggih menika panaliten ingkang ngandharaken kados pundi kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ingkang dipunlafalaken dening paraga saking Australian National University, Canberra.

Panaliten menika badhe ngandharaken mapanipun *fonem* basa Jawi menapa kemawon ingkang kalebet boten trep dipunlafalaken, wonten pundi kemawon mapanipun *fonem vokal, konsonan, saha semi-vokal* basa Jawi ingkang kalebet lepat nalika dipunlafalaken dening para paraga lan menapa kemawon ingkang ndayani *fonem* basa Jawi menika boten trep dipunlafalaken. Satemah kaajab pamaos boten ngambali malih kalepatan-kalepatan basa kasebut sarta saged paring panyaruwe dhateng pamaos kangge ngirangi kalepatan basa.



### **BAB III CARA PANALITEN**

#### **A. Jinising Panaliten**

Jinising panaliten ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih panaliten *deskriptif*. Panaliten menika gadhah ancas ngandharaken kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang (the Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn. Saking asiling *data* panaliten, lajeng dipunafsiraken pacelathon-pacelathon pundi kemawon ingkang katitik lepat anggenipun nglafalaken *fonem* basa Jawi. Salajengipun dipuntranskripsi ing kertu *data*, lajeng dipunpantha-pantha miturut *fonem vokal*, *konsonan*, menapa *semi-vokal*. Saking kertu *data* menika saged ketingal kalepatan *pelafalan fonem* menapa kemawon, mapanipun *fonem* ingkang lepat, lan menapa ingkang ndayani kalepatan. *Kajian* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika inggih *kajian fonetik* bab *fonemik*.

#### **B. Subjek lan Objek Panaliten**

*Subyek* panalitenipun inggih menika *video* sandiwara *Sri Ngilang*. Ingkang dados *obyek* panaliten menika inggih kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi dening paraga ing sandiwara kanthi irah-irahan *Sri Ngilang (the Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn.

#### **C. Data lan Sumber Data**

*Data* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika inggih kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi dening para paraga ing sandiwara kanthi irah-irahan

*Sri Ngilang (the Disappearance of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn. Dene sumber *data* kangge panaliten kaperang dados kalih, kaandharaken ing ngandhap menika.

1. *Data Primer* menika *data* pawicantenan ingkang dipunpanggihaken saking *video* sandiwara *Sri Ngilang* ingkang badhe dipunpilih saking pacelathon-pacelathon ingkang wonten gayutanipun kaliyan panaliten.
2. *Data Sekunder* inggih *data* ingkang dipunpanggihi saking *literatur* ingkang saged nyokong *data primer*, kadosta Bausastra Jawa, asiling wawan pirembagan, *internet*, *artikel*, *jurnal*, buku-buku ingkang wonten gayutanipun kaliyan panaliten, cathetan nalika kuliah lan sanesipun.

#### **D. Cara Ngempalaken *Data***

Cara anggenipun ngempalaken *data* ing panaliten menika kanthi cara nyemak sandiwara *Sri Ngilang* kanthi permati. Ancasipun nyemak sandiwara menika kangge manggihaken *fonem-fonem* basa Jawi ingkang dipunlafalaken lepat dening paraga. Sasampunipun manggihaken *fonem-fonem* basa Jawi lajeng *data* dipunpilih (*reduksi data*), inggih menika *fonem* ingkang lepat anggenipun nglafalaken miturut paugeran basa Jawi. Lampah salajengipun inggih menika nyathet *fonem-fonem* basa Jawi ingkang dipunlafalaken lepat ing kertu *data*. *Data* kasebut lajeng dipunanalisis miturut jinisipun kalepatan *fonem*, kalebet *vokal*, *konsonan*, menapa *semi-vokal*. Lajeng wawan pirembagan kaliyan paraga sandiwara menika supados mangertosi bab ingkang ndayani wontenipun kalepatan basa menika.

Cak-cakanipun ngempalaken *data* ing panaliten menika kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Nyamektakaken sumbering *data* panaliten awujud *video* sandiwara.
2. Nyemak sandiwara menika kanthi permati. Panaliti badhe mirsani lan mirengaken pacelathon-pacelathon saben babak ing sandiwara *Sri Ngilang* dumugi paripurna. Kagiyatan nyemak menika dipuntindakaken kanthi permati supados saged angsal *data* kanthi maksimal.
3. Nyerat *naskah* sandiwara ingkang badhe dipuntliti.
4. Nyerat *fonem* basa Jawi ingkang dipunlafalaken lepat ing *komputer*.
5. *Reduksi data* utawi milih *data* ingkang lepat miturut jinisipun kalepatan *fonem*, kalebet *vokal*, *konsonan*, menapa *semi-vokal*. Lajeng *data* ingkang kalebet boten lepat menika boten dipunginakaken ing panaliten menika.
6. *Data* dipunlebetaken ing kertu *data*, salajengipun pantha-pantha miturut mapanipun *fonem* ingkang lepat, saha perkawis ingkang ndayani kalepatan.
7. *Analisis data* saha *interpretasi*, inggih menika panyerat ngempalaken *data-data* kanthi ngudhar lan *mengkaji* saking maneka *literatur* ingkang jumbuh kaliyan materi panaliten kangge dipundadosaken bahan *argumentasi*, kadosta *video* sandiwara *Sri Ngilang*, asiling wawan pirembagan, *arsip*, kalawarti, serat kabar, buku, cathetan nalika kuliah, *internet* lan sapanunggalanipun.

#### **E. Pirantining Panaliten**

Ing panaliten *deskriptif*, panaliti gadhah mapinten-pinten *peran* ing antawisipun minangka *perencana*, tiyang ingkang ngempalaken *data*, damel *analisis*, nafsiraken *data*, saha ingkang pungkasan dados *pelopor* saking asiling

panaliten (Moleong: 2004). Pirantining panaliten inggih menika srana ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken *data*. Piranti ing panaliten menika inggih panaliti piyambak utawi *human instrument*. Panaliti ingkang dados pirantining panaliten, dipunajib gadhah kaprigelan ingkang mumpuni wonten perkawis ingkang dipuntliti. Kaprigelan menika dipunbetahaken dening panaliti amargi panaliti kajibah manggihaken *data* ingkang samangke dipunginakaken kangge panaliten.

Lampahing panaliten kawiwitan saking nyemak kanthi permati sandiwara *Sri Ngilang* dumugi paripurna ngginakaken sarana *laptop* lan *headphone*. Salebeting nyemak, panaliti ugi damel cathethan pocapan menapa kemawon ingkang lepat anggenipun nglafalaken. Sasampunipun panaliti angsal *data* ingkang dipunbetahaken, lajeng *data* kasebut dipunpantha-pantha ing kertu *data* miturut jinis *fonem vokal*, *fonem konsonan*, menapa *fonem semi-vokal*. Lampah salajengipun inggih menika madosi papanipun *fonem* ingkang lepat kala wau, menapa mapan ing wanda kapisan, madyaning wanda, menapa pungkasaning tembung. Salajengipun inggih nindakaken wawan pirembagan kaliyan Prof. Dr. George Quinn lan Ms Kirrilly McKenzie minangka *key person* ing panaliten menika supados mangertosi bab ingkang ndayani kawontenanipun kalepatan basa menika.

Tabel 1. Tuladha Kertu *Data*

KD3	
<i>Sumber Ujaran</i>	: 00:56
Ukara	: <b>Cerak</b> Pasar Lempuyangan.”
<i>Fonem</i>	: cerak
Mapanipun kalepatan	Pungkasaning tembung
<i>Proses Kalepatan Pelafalan</i>	: <i>alofon</i> /?/ dipunlafalaken [k]

	[cəra?] → [cəra $\mathbf{k}$ ]
Ingang ndayani	Amargi kiranging gladhen ngginakaken basa

Katrangan:

- 1) KD : Kertu *data* nomor urut 3.
- 2) *Sumber* : minangka katrangan *data* ingkang dipunpanggihi saking wekdal salebetipun *sandiwara* menika.
- 3) Ukara : wujudipun ukara *data* ingkang dipunpanggihi.
- 4) *Fonem* : *fonem* ingkang lepat nalika dipunlafalaken.
- 5) Mapanipun kalepatan : mapanipun kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi
- 6) *Proses* kalepatan : wedharan wujudipun kalepatan *fonem*.
- 7) Ingang ndayani : perkawis ingkang ndayani kalepatan pelafalan basa Jawi

#### F. Cara Analisis Data

Cara *analisis data* inggih menika cara utawi lampah-lampah ingkang dipunginakaken kangge ngolah *data* ingkang sampun kempal kangge mahyakaken satunggaling dudutan. Miturut Parera (1997: 145), *analisis* kalepatan dipuntindakaken mawi lampah-lampah ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Ngempalaken *data* saking pacelathon salebeting sandiwara.
2. *Identifikasi* kalepatan.
3. *Klasifikasi* utawi mantha-mantha kalepatan.
4. Damel *deskripsi* kalepatan *pelafalan fonem* ing sandiwara menika.

Adhedhasar lampah-lampah menika, pramila *analisis* ing panaliten menika inggih mawi ngempalaken kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi salebeting sandiwara, nyemak kanthi permati lan paring tetenger ing kalepatan ingkang

wonten, mantha-mantha kalepatan lan nyerat ing kertu *data*, damel *identifikasi tipe* kalepatanipun ing *tabel analisis*, damel *analisis* kalepatan lan damel interpretasinipun.

### **G. Cara anggenipun Ngesahaken *Data***

Satunggaling panaliten kedah dipuntindakaken *checking* kangge mahyakaken *keabsahan data* panaliten. Kangge pados *keabsahan* kasebut, dipuntindakaken *checking* mawi uji *validitas* lan *reliabilitas*. *Validitas* ing panaliten menika ngginakaken *triangulasi teori* lan *expert judgment*. *Triangulasi teori* menika dipunginakaken kangge ngolah *data* mawi maneka *teori* ingkang wonten gayutanipun kaliyan panaliten. Menawi *analisis* sampun medharaken *pola*, gegayutan, lan maringi katrangan ingkang tuwuh saking *analisis*, pramila prelu dipunpadosi katrangan *pembandingan* (Moleong, 2006: 332). *Validitas triangulasi* menika dipuntindakaken kanthi *teori* kalepatan basa mliginipun ing *teori fonemis*.

Salajengipun *expert judgment* ing panaliten menika dipuntindakaken kanthi cara *konsultasi* kaliyan tiyang ingkang wasis, ingkang dipunkajengaken ing panaliten menika inggih dosen pembimbing lan tiyang minangka *key person* inggih Prof. Dr. George Quinn saha Ms Kirrilly McKenzie minangka paraga. Dene caranipun ngesahaken *data* ing panaliten menika ngginakaken *reliabilitas*, mliginipun *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas* inggih menika cara nguji *data* panaliten kanthi tliti. Dene *reliabilitas stabilitas* menika dipuntindakaken kanthi ngambali anggenipun nyemak *data* kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang* ngantos kasumerepaken *data* ingkang ajeg. *Data* ingkang

sampung dipunkempalaken saking *proses* ngambali nyemak kala wau lajeng dipunkaji jumbuh kaliyan perkawis ingkang badhe dipunrembag ing panaliten menika, inggih wujud kalepatan ing tataran *fonemik*.

## **BAB IV**

### **ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

#### **A. Asiling Panaliten**

Adhedhasar asiling panaliten ingkang sampun katindakaken, saged dipunpendhet dudutan gambaran kados pundi kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ingkang dipuntindakaken dening paraga ing sandiwara *Sri Ngilang*. Kalepatan ingkang dipuntindakaken dening paraga inggih menika wonten tigang perkawis. Tigang perkawis kasebut inggih menika kalepatan *pelafalan fonem*, kalepatan langkunging *fonem* lan ewahing *fonem*. *Lafal* ingkang dipunrembag kala mangsanipun boten namung ngemot setunggal kalepatan, nanging pinten-pinten kalepatan. Kalepatan salebeting *lafal* dipunrembag miturut *fonem* ingkang lepat. Perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang* miturut asiling wawan pirembagan kaliyan *key person* inggih para paraga taksih kadyan kaliyan basa asalipun, inggih basa Inggris *aksen* Australia ingkang dipunginakaken saben dintenipun. Salajengipun para paraga ugi kirang nguwaosi *fonem* basa Jawi ugi ndayani kalepatan *pelafalan* menika amargi dereng dangu anggenipun nyinau basa Jawi lan kiranging gladhen ngginakaken basa Jawi. Asiling panaliten saged dipunwaos ing *tabel* ngandhap menika.



**Tabel 2. Kalepatan Pelafalan Fonem Basa Jawi**

No	Jinis lan Wujud Kalepatan	Mapanipun Kalepatan	Ingang Ndayani Kalepatan	Indikator
1	2	3	4	5
1	<b>Vokal</b>			
	a) <b>Fonem /ɔ/</b> * /ɔ/ → [a]	<ul style="list-style-type: none"> <li>➤ Wanda kapisan</li> <li>➤ Wanda kaping kalih</li> </ul>	➤ Kirang setiti	<p>Suwe ora ketemu, [paɔa] slamet, ta? (KD/16/02/56)</p> <p>[pɔɔ] → [paɔa] Fonem /ɔ/ ing wanda kapisan lan kaping kalih dipunlafalaken fonem [a] menika lepat amargi panutur kirang setiti anggenipun ngginakaken basa.</p>
	* /ɔ/ → [o]	➤ Pungkasaning tembung	➤ Kirang setiti	<p>Pak kala wau enjing [kulo] sampun tumbas nyamikan dhateng peken. (KD/68/11/37)</p> <p>[kulɔ] → [kulo] Fonem /ɔ/ ingkang mapan ing pungkasaning tembung dipunlafalaken [o] menika lepat amargi panutur kirang setiti anggenipun ngginakaken basa.</p>
	* /a/ → [ɔ]	<ul style="list-style-type: none"> <li>➤ Madyaning wanda kapisan</li> <li>➤ Pungkasaning wanda</li> </ul>	➤ Kirang setiti	<p>Sri, [kɔncɔku] sak kos neng Lempuyangan. (KD/29/04/18)</p> <p>[kancaku] → [kɔncɔku] Fonem /a/ ingkang mapan ing madyaning wanda kapisan lan pungkasaning wanda dipunlafalaken /ɔ/ menika lepat amargi panutur kirang setiti anggenipun ngginakaken basa. Tembung lingga kanca + -ku = kancaku → [kancaku] sanes [kɔncɔku].</p>
	b) <b>Fonem /ə/</b> * /ə/ → [ɛ]	➤ Wiwitaning wanda	➤ Kenging pengaruh B1	<p>Ndhung.. Landhung.. nyang [ɛndi] kowe? (KD/1/00/43)</p> <p>[əndi] → [ɛndi] Fonem /ə/ ingkang mapan ing wiwitaning wanda dipunlafalaken [ɛ] menika lepat amargi panutur taksih kenging pengaruh saking B1.</p>

Tabel lajengipun

1	2	3	4	5
	* /ə/ → [e]	➤ Pungkasaning wanda kapisan	➤ Kirang setiti	Saben dina aku kudu numpak bus <b>[meñan]</b> kutha. (KD/25/30/41)  [məñan] → [meñan] <i>Fonem /ə/</i> ingkang mapan ing pungkasaning wanda kapisan dipunlafalekn [e] menika lepat amargi panutur kirang setiti anggenipun nglafalaken.
	* /ɛ/ → [ə]	➤ Madyaning wanda	➤ Kirang setiti	Kae lho Pak Sardi sing kerja neng <b>[beŋkəl]</b> Sidodadi. (KD/40/05/45)  [beŋkəl] → [beŋkəl] <i>Fonem /ɛ/</i> ingkang mapan ing madyaning wanda dipunlafalaken [ə] menika lepat amargi panutur kirang setiti anggenipun nglafalaken.
	c) Fonem /e/ * /e/ → [ə]	➤ Pungkasaning wanda kapisan	➤ Kirang setiti	Eh.. sampun.. boten sah <b>[rəpəʔ- rəpəʔ]</b> , Pak. (KD/71/12/17)  [repət] → [rəpəʔ] <i>Fonem /e/</i> ingkang mapan ing pungkasaning wanda kapisan dipunlafalaken [ə] menika lepat amargi panutur kirang setiti anggenipun nglafalaken.
	d) Fonem /i/ * /i/ → [ɛ]	➤ Pungkasaning wanda kaping kalih	➤ Kesesa mocapaken	Ngantos sepriki rak boten wonten ingkang ngertos <b>[nɔləkɪpun]</b> wonten pundi? (KD/97/21/30)  [nɔləkɪpun] → [nɔləkɪpun] <i>Fonem /i/</i> ingkang mapan ing pungkasaning wanda kaping kalih dipunlafalaken [ɛ] menika lepat amargi panutur kesesa anggenipun mocapaken.
	e) Fonem /u/ * /u/ → [u]	➤ Madyaning wanda	➤ Kenging pengaruh B1	Loh, tak kira <b>[kiɖul]</b> omahe Bu Sardi. (KD/4/00/59)  [kidul] → [kiɖul] <i>Fonem /u/</i> ingkang mapan ing madyaning wanda dipunlafalaken [u]

Tabel lajengipun

1	2	3	4	5
				menika lepat amargi panutur taksih kening <i>pengaruh</i> saking B1.
2	<b>Konsonan</b>			
	a) <b>Fonem /d/</b> * /d/ → [d]	➤ Wiwitaning wanda	➤ Kening <i>pengaruh</i> B1	Iya.. wis pirsu. Wong [dɛ?] Setu kepungkur wis rawuh saka Pacitan. (KD/39/05/33)  [dɛ?] → [dɛ?] <i>Fonem /d/</i> ingkang mapanipun ing wiwitaning wanda dipunlafalaken [d] menika lepat amargi panutur taksih kening <i>pengaruh</i> saking B1.
	* /d/ → [d]	➤ Wiwitaning wanda	➤ Kirang setiti ➤ Kening <i>pengaruh</i> B1	Iki mau saka [ɲəndi], Mbak Nur? (KD/18/03/10)  [ɲəndi] → [ɲəndi] <i>Fonem /d/</i> ingkang mapan ing wiwitaning wanda dipunlafalaken [d] menika lepat amargi panutur kirang setiti anggenipun nglafalaken lan kening <i>pengaruh</i> saking B1.
	b) <b>Fonem /t/</b> * /t/ → [t]	➤ Wiwitaning wanda	➤ Kening <i>pengaruh</i> B1	Sri, kebangeten [tɛnan] kowe! (KD/57/08/12)  [tɛnan] → [tɛnan] <i>Fonem /t/</i> ingkang mapan ing wiwitaning wanda dipunlafalaken [t] menika lepat amargi panutur taksih kening <i>pengaruh</i> saking B1.
	* /t/ → [t]	➤ Wiwitaning wanda	➤ Kening <i>pengaruh</i> B1	Ndhelika wonten pundi kemawon [məsti] badhe dipunpadosi ngantos kepanggih. (KD/98/21/51)  [məsti] → [məsti] <i>Fonem /t/</i> ingkang mapan ing wiwitaning wanda dipunlafalaken [t] menika lepat amargi panutur taksih kening <i>pengaruh</i> saking B1.
	* /t/ → [ʔ]	➤ Pungkasaning tembung	➤ Kirang setiti	Kopi sak gelas mang ewu limang atus. Dadi kopi [papaʔ] pira ya? Rorikur ewu. (KD/54/07/36)

Tabel lajengipun

1	2	3	4	5
				[papat] → [papa?] Fonem /t/ ingkang mapan ing pungkasaning tembung dipunlafalaken [ʔ] menika lepat amargi panutur kirang setiti anggenipun ngginakaken basa.
	* /t/ → [d]	➤ Wiwitaning wanda	➤ Kirang setiti	Mengko aku [da?] sowan karo kanca-kanca. (KD/57/08/12)  [ta?] → [dak] Fonem /t/ ingkang mapanipun ing wiwitaning wanda dipunlafalaken [d] menika lepat amargi panutur kirang setiti anggenipun ngginakaken basa.
	c) Alofon /ʔ/ * /ʔ/ → [k]	➤ Pungkasaning tembung	➤ Kirang setiti	Boten napa-napa kok, [pak], Bu. Kula pancen sok semapat kados ngoten kemawon. (KD/91/18/54)  [pa?] → [pak] Fonem alofon /ʔ/ ingkang mapan ing pungkasaning tembung dipunlafalaken [k] menika lepat amargi panutur kirang setiti anggenipun ngginakaken basa.
	* /g/ → [ʔ]	➤ Pungkasaning tembung	➤ Kirang setiti ➤ Kenging pengaruh B1	...kepala Polres Malioboro ingkang nembe wawan [remba?] kaliyan wartawan Caraka TV Endang Winarni. (KD/94/19/37)  [rəmbag] → [remba?] Fonem /g/ ingkang mapanipun ing pungkasaning tembung dipunlafalaken [ʔ] menika lepat amargi panutur kirang setiti anggenipun ngginakaken basa lan panutur taksih kenging pengaruh saking B1.
3	<b>Metatesis</b>			
	a) Fonem /a/ * /a/ → [ə]	➤ Pungkasaning wanda	➤ Kesesa mocapaken	Pak Sardi, kula nyuwun [pəŋapuntən]. (KD/82/15/42)  [pəŋapuntən] → [pəŋapuntən]

Tabel lajengipun

1	2	3	4	5
				<i>Fonem /a/</i> ingkang mapanipun ing pungkasaning wanda dipunlafalaken [ə] menika lepat amargi panutur kesesa anggenipun mocapaken.
	<b>b) Fonem /u/</b> * /u/ → [ɪ]	➤ Madyaning wanda	➤ Kirang setiti	Kepenak ya [ <b>lungih</b> ] neng kene. (KD/14/02/37)  [lungUh] → [lungIh] <i>Fonem /u/</i> ingkang mapanipun ing madyaning wanda dipunlafalaken [ɪ] menika lepat amargi panutur kirang setiti anggenipun ngginakaken basa.
	* /u/ → [ə]	➤ Madyaning wanda	➤ Kesesa mocapaken	Wong dhék Setu [ <b>kəpəŋkUr</b> ] wis rawuh saka Pacitan. (KD/39/05/33)  [kəpuŋkUr] → [kəpəŋkUr] <i>Fonem /u/</i> ingkang mapanipun ing madyaning wanda dipunlafalaken [ə] menika lepat amargi panutur kesesa anggenipun mocapaken.
	<b>c) Fonem /ə/</b> * /ə/ → [a]	➤ Pungkasaning wanda	➤ Kesesa mocapaken	Aku ya kepengin ngerti. Sri, Sri [ <b>malas</b> ] banget aku karo kowe! (KD/48/06/53)  [məlas] → [malas] <i>Fonem /ə/</i> ingkang mapan ing pungkasaning wanda dipunlafalaken [a] menika lepat amargi panutur kesesa anggenipun mocapaken.
	<b>d) Fonem /c/</b> * /c/ → [p]	➤ Wiwitaning wanda kaping kalih ing wiwitaning wanda kaping tiga	➤ Kirang setiti	...Suparto sejatosipun sampun [ <b>kəpəcɛŋ</b> ] dening petugas pulisi... (KD/95/20/28)  [kəcəpəŋ] → [kəpəcɛŋ] <i>Fonem /c/</i> ingkang mapan ing wiwitaning wanda dipunlafalaken [p] menika lepat amargi panutur kirang setiti anggenipun ngginakaken basa.

Adhedhasar *tabel* ing inggil, saged dipunmangertosi bilih kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn, kasumerepaken tigang jinis kalepatan. Kalepatan kasebut inggih menika kalepatan *pelafalan fonem vokal*, kalepatan *pelafalan fonem konsonan*, lan kalepatan *pelafalan ewahing fonem* utawi *metatesis*.

Kalepatan *pelafalan fonem vokal* basa Jawi dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn, ingkang kasumerepaken ing panaliten menika inggih *fonem vokal /ɔ/* dipunlafalaken [a], *fonem vokal /ɔ/* dipunlafalaken [o], *fonem vokal /a/* dipunlafalaken [ɔ], *fonem vokal /ə/* dipunlafalaken [ɛ], *fonem /ə/* dipunlafalaken [e], *fonem vokal /ɛ/* dipunlafalaken [ə], *fonem vokal /e/* dipunlafalaken [ə], *fonem /i/* dipunlafalaken [ɛ], saha *fonem vokal /u/* dipunlafalaken [u].

Kalepatan *pelafalan fonem konsonan* basa Jawi dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn, ingkang kasumerepaken ing panaliten menika inggih *fonem konsonan /d/* dipunlafalaken [d], *fonem konsonan /d/* dipunlafalaken [ɖ], *fonem konsonan /t/* dipunlafalaken [t], *fonem konsonan /t/* dipunlafalaken [t̚], *fonem konsonan /t/* dipunlafalaken [ʔ], *fonem konsonan /t/* dipunlafalaken [d], *fonem konsonan /g/* dipunlafalaken [ʔ], saha *alofon /ʔ/* dipunlafalaken [k].

Kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ingkang kaping tiga inggih menika kalepatan *pelafalan ewahing fonem* utawi *metatesis*. Kalepatan *pelafalan*

ewahing *fonem* ingkang kasumerepaken ing panaliten menika inggih ewahing *fonem vokal* /a/ dados [ə], *fonem* /u/ dados [i], *fonem* /u/ dados [ə], *fonem vokal* /ə/ dados [a], lan *fonem konsonan* /c/ dados /p/.

## B. Pirembagan

Asiling panaliten kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi salebeting sandiwara *Sri Ngilang* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn dipunrembag ing perangan pirembagan menika. Pirembagan menika kalebet *data* ingkang dipunpanggihi saking pacelathon sandiwara *Sri Ngilang* lan dipunanalisis miturut wujuding kalepatan anggenipun nglafalaken *fonem* basa Jawi sarta ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi. Anggenipun ngandharaken pirembagan menika kawiwitan saking jinising kalepatan, lajeng wujud kalepatan, saha ingkang ndayani kalepatan. Saking jinising kalepatan mila saged dipuntemtokaken wujud kalepatan. Saking wujud kalepatan saged dipunmangertosi perkawis ingkang ndayani kalepatan. Perkawis ingkang ndayani kalepatan menika kasumerepaken saking cara *expert judgment* ingkang dipuntindakaken kanthi cara *konsultasi* kaliyan tiyang ingkang wasis, ingkang dipunkajengaken ing panaliten menika inggih dosen lan Prof. Dr. George Quinn, saha Ms. Ms Kirrilly McKenzie minangka paraga sandiwara *Sri Ngilang*.

Kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ingkang dipuntindakaken dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn ingkang kasumerepaken ing panaliten menika inggih kalepatan *pelafalan fonem vokal*, kalepatan *pelafalan fonem konsonan* lan kalepatan *pelafalan* ewahing *fonem*.

## 1. Kalepatan *Pelafalan Fonem Vokal*

Wujuding kalepatan anggenipun ngginakaken *fonem* basa Jawi ingkang sepisan dipunrembag inggih menika kalepatan *pelafalan fonem vokal*. Kalepatan *pelafalan* kasebut wonten gayutanipun kaliyan cara anggenipun nglafalaken *fonem-fonem vokal* basa Jawi ingkang lepat. *Fonem vokal* salebeting satunggaling tembung dipunlafalaken dados *fonem* sanesipun. Wonten 9 jinis *fonem vokal* ingkang dipunlafalaken lepat dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* menika. Kadosta *fonem vokal* /ə/ dipunlafalaken [a], *fonem vokal* /ɔ/ dipunlafalaken [o], *fonem vokal* /a/ dipunlafalaken [ɔ], *fonem vokal* /ə/ dipunlafalaken [ɛ], *fonem* /ə/ dipunlafalaken [e], *fonem vokal* /ɛ/ dipunlafalaken [ə], *fonem vokal* /e/ dipunlafalaken [ə], *fonem* /i/ dipunlafalaken [ɛ], saha *fonem vokal* /u/ dipunlafalaken [u]. Kalepatan *pelafalan fonem vokal* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

### a. *Fonem vokal* /ə/ dipunlafalaken [a]

Kalepatan *pelafalan fonem vokal* ingkang kaping kalih inggih menika *fonem vokal* /ə/ dipunlafalaken [a]. *Fonem vokal* /ə/ menika kalebet *vokal* madya; tengah; *tak bulat*; saha *semi-tertutup*. Dene *fonem* /a/ kalebet *vokal* andhap; ngajeng; *tak bulat*; lan tinarbuka. *Fonem* /ə/ ingkang dipunlafalaken [a] kasumerepaken ing *data* ngandhap menika.

(1) Suwe ora ketemu. [paða] slamet, ta? (KD16)

Saking *data* (1), dipunmangertosi bilih *fonem* ingkang nedahaken kalepatan inggih menika ing *lafal padha*. *Fonem vokal* /ə/ dipunlafalaken [a] ing *lafal padha* ingkang dipunlafalaken [paða], nedahaken kalepatan *pelafalan*



ingkang mapanipun ing wanda sepisan lan wanda kaping kalih menga. *Fonem* ingkang kedahipun dipunlafalaken [ɔ] ananging dipunlafalaken [a] ing *fonem* [paɔa] kalebet lepat, amargi menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat. Tembung lingga ingkang dipunpungkasi kaliyan *fonem vokal /a/* lafalipun [ɔ], satemah anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [pɔɔɔ].

Miturut asiling wawan pirembagan kaliyan Ms Kirrilly McKenzie nalika tanggal 22 Juni 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih kiranging gladhen anggenipun nglafalaken *fonem-fonem* basa Jawi amargi para paraga menika boten saged saben dinten mireng tiyang wicantenan ngginakaken basa Jawi. Satemah paraga boten kulina mocapaken *fonem* basa Jawi ingkang leres.

#### **b. *Fonem vokal /ɔ/ dipunlafalaken [o]***

Kalepatan *pelafalan fonem vokal* ingkang kaping tiga inggih menika *fonem vokal /ɔ/* dipunlafalaken [o]. *Fonem vokal /ɔ/* menika kalebet *vokal* madya; tengah; *tak bulat*; saha *semi-tertutup*. Dene *fonem /o/* kalebet *vokal* madya; tengah; bulat; lan *semi-tertutup*. *Fonem /ɔ/* ingkang dipunlafalaken [o] kasumerepaken ing *data* ngandhap menika.

- (2) Pak kala wau enjing [kulo] sampun tumbas nyamikan dhateng peken. (KD68)
- (3) Pak.. [kulo] kinten *biskuit* saking Jepang langkung legi lho, Pak. (KD70)
- (4) Bapak Prakoso, menawi [kulo] boten klentu gembong grombolan narkoba Suparto sejatosipun sampun kecepeng dening petugas pulisi. (KD95)

Saking *data* (2), (3) lan (4) *fonem* ingkang nedahaken kalepatan inggih menika *lafal kula*. *Fonem vokal /ɔ/* dipunlafalaken [o] ing *lafal kula* ingkang

dipunlafalaken [kulo] mujudaken kalepatan *pelafalan fonem /ɔ/* ingkang mapanipun ing wanda pungkasan menga. lepat, amargi menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat. Tembung lingga ingkang dipunpungkasi kaliyan *fonem vokal /a/* lafalipun [ɔ], satemah anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [kulo].

Miturut asiling wawan pirembagan kaliyan Ms Kirrilly McKenzie nalika tanggal 22 Juni 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih panutur boten setiti anggenipun nglafalaken. Sinaosa nalika para paraga menika nglafalaken lepat sampun dipunleresaken dhumateng dosen, ananging taksih kadadosan wontening kalepatan *pelafalan* amargi boten gampang anggenipun ngleresaken dening tiyang ingkang basa kapisanipun inggih basa Inggris.

### c. *Fonem vokal /a/* dipunlafalaken [ɔ]

Kalepatan *pelafalan fonem vokal* ingkang sepisan inggih menika *fonem vokal /a/* dipunlafalaken [ɔ]. *Fonem /a/* kalebet *vokal* andhap; ngajeng; *tak bulat*; lan tinarbuka. Wondene *fonem vokal /ɔ/* menika kalebet *vokal* madya; tengah; *tak bulat*; saha *semi-tertutup*. *Fonem /a/* ingkang dipunlafalaken [ɔ] kasumerepaken ing *data* ngandhap menika.

(5) Sri, [kɔncɔku] sak kos neng Lempuyangan. (KD29)

Saking *data* (5), *fonem* ingkang nedahaken kalepatan inggih menika ing *lafal kancaku*. *Fonem vokal /a/* dipunlafalaken [ɔ] ing *lafal* [kɔncɔku], nedahaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing wanda sepisan lan wanda kaping kalih menga. *Fonem /ɔ/* ing *lafal kancaku* nedahaken kalepatan amargi

anggenipun nglafalaken boten trep kaliyan paugeran basa Jawi baku. Tembung andhahan **kancaku** asalipun saking tembung lingga kanca [kɔncɔ]. Tembung lingga kanca + -ku = kancaku → [kancaku] sanes [kɔncɔku]. Tembung lingga ingkang dipunpungkasi kaliyan *fonem vokal /a/* lafalipun [ɔ], menawi dipunwuwuhi panambang -ku mila ewah dados [a], satemah *pelafalan fonem kancaku* ingang leres inggih menika [kancaku].

Miturut asiling wawan pirembagan kaliyan Prof. Dr. George Quinn nalika tanggal 23 Januari 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih kiranging gladhen anggenipun nglafalaken *fonem-fonem* basa Jawi amargi para paraga menika anggenipun sinau B2 dereng dangu, inggih kirang langkung 60 jam pelajaran. Sinaosa bab *fonologi* sampun kaandharaken dhumateng para siswa, ananging namung prasaja sanget satemah saged ndayani wontenipun kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang*.

#### d. *Fonem vokal /ə/ dipunlafalaken [ɛ]*

Wujuding kalepatan *fonem vokal* ingkang salajengipun inggih menika *fonem vokal /ə/* dipunlafalaken [ɛ]. *Fonem /ə/* kalebet *vokal* madya; tengah; tak bulat; semi-terbuka. Dene *fonem /ɛ/* dipunlafalaken kanthi mapanaken perangan ngajeng lidhah ing *posisi* madya ananging langkung andhap sekedhik menawi dipunbandhingaken kaliyan nalika nglafalaken [e]. *Data* kalepatan *pelafalan fonem vokal /ə/* ingkang dipunlafalaken [ɛ] kados ing ngandhap menika.

(6) Ndhung.. Landhung.. nyang [ɛndi] kowe? (KD1)

Saking *data* (6) saged dipunmangertosi bilih *lafal* ingkang dipunlafalaken lepat inggih menika **endi**. Termbung **endi** miturut bausastra Jawi

gadhah teges pitaken nggenahaken panggenan. *Fonem vokal /ə/* ingkang dipunlafalaken [ɛ] ing *lafal* [ɛndi] mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun wonten wiwitaning tembung. *Fonem /ə/* ingkang dipunlafalaken [ɛ] ing *lafal* [ɛndi] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, amargi boten kapanggihaken tegesipun. Satemah anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [əndi].

Kalepatan ingkang sami ugi katingal ing *data* ngandhap menika.

(7) Nek ngono [barɛŋ] ya! (KD6)

Saking *data* (7) saged dipunmangertosi bilih ingkang dipunlafalaken lepat inggih menika *lafal bareng*. Tembung **bareng** menawi dipuntingali ing bausastra Jawi gadhah teges tunggal wekdal anggenipun tumindak. *Fonem vokal /ə/* ingkang dipunlafalaken [ɛ] ing *lafal* [barɛŋ] mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing madyaning wanda. *Fonem /ə/* ingkang dipunlafalaken [ɛ] ing *lafal* [barɛŋ] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, amargi boten kapanggihaken tegesipun. Satemah *pelafalan* ingkang leres inggih menika [barɛŋ] ingkang tegesipun sareng.

Kalepatan ingkang sami ugi katingal ing *data* ngandhap menika.

(8) Kowe [sɛnɛŋ] karo Sri, ta? (KD7)

Saking *data* (8) menika saged dipuntingali bilih ingkang dipunlafalaken lepat menika ing *lafal seneng*. Tembung **seneng** menawi dipuntingali saking bausastra Jawi gadhah teges dhemen. *Lafal seneng* ingkang dipunlafalaken [sɛnɛŋ] mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing

pungkasaning wanda sepisan lan madyaning wanda. *Fonem* ingkang kedahipun dipunlafalaken [ə] nanging dipunlafalaken [ɛ] ing *lafal* [sɛnɛŋ] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi ingkang baku kalebet lepat, amargi boten kapanggihaken tegesipun. Satemah *pelafalan* ingkang leres inggih menika [sənəŋ].

Miturut asiling wawan pirembagan kaliyan Ms Kirrilly McKenzie nalika tanggal 22 Juni 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih panutur boten setiti anggenipun nglafalaken. Sinaosa nalika para paraga menika nglafalaken lepat sampun dipunleresaken dhumateng dosen, ananging taksih kadadosan wontening kalepatan *pelafalan* amargi boten gampang anggenipun ngleresaken dening tiyang ingkang basa kapisanipun inggih basa Inggris.

#### e. *Fonem vokal /ə/ dipunlafalaken [e]*

Wujud kalepatan *pelafalan fonem vokal* ingkang salajengipun inggih menika *fonem vokal /ə/* dipunlafalaken [e]. *Fonem /ə/* kalebet *vokal* madya; tengah; *tak bulat; semi-terbuka*. Dene *fonem /e/* kalebet *vokal* madya; tengah; *tak bulat; semi-tertutup*. Data kalepatan *pelafalan fonem vokal /ə/* dipunlafalaken [e] kasumerepaken ing ngandhap menika.

(9) Saben dina aku kudu numpak bus [meñan] kutha. (KD25)

Saking *data* (9) saged dipunmangertosi bilih ingkang dipunlafalaken lepat menika ing *lafal* **menyang**. Tembung **menyang** menawi dipuntingali ing bausastra Jawi gadhah teges lunga utawi mangkat. *Fonem vokal /ə/* ingkang dipunlafalaken [e] ing *lafal* [meñan] mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang

mapanipun ing pungkasaning wanda sepisan. *Fonem /ə/* ingkang dipunlafalaken [e] ing *lafal* [meñan] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, amargi boten kapanggihaken tegesipun. Satemah anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [məñan].

Kalepatan ingkang sami ugi katingal ing *data* ngandhap menika.

(10) Sri, [kebaŋətən] tenan kowe! (KD 57)

Saking *data* (10) saged dipunmangertosi bilih ingkang dipunlafalaken lepat menika ing *lafal* **kebangeten**. Tembung **kebangeten** miturut bausastra Jawi gadhah teges keladuk sanget. *Fonem vokal /ə/* ingkang dipunlafalaken [e] ing *lafal* [kebaŋətən] mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing pungkasaning wanda kapisan. *Fonem /ə/* nanging dipunlafalaken [e] ing *lafal* [kebaŋətən] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, amargi boten kapanggihaken tegesipun. Satemah anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [kəbaŋətən].

Miturut asiling wawan pirembagan kaliyan Ms Kirrilly McKenzie nalika tanggal 22 Juni 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih panutur boten setiti anggenipun nglafalaken. Sinaosa nalika para paraga menika nglafalaken lepat sampun dipunleresaken dhumateng dosen, ananging taksih kadadosan wontening kalepatan *pelafalan* amargi boten gampang anggenipun ngleresaken dening tiyang ingkang basa kapisanipun inggih basa Inggris.

**f. Fonem vokal /ɛ/ dipunlafalaken [ə]**

Wujud kalepatan *pelafalan fonem* ingkang salajengipun inggih menika *fonem vokal /ɛ/* dipunlafalaken [ə]. *Fonem /ɛ/* dipunlafalaken kanthi mapanaken perangan ngajeng lidhah ing *posisi* madya ananging langkung andhap sekedhik menawi dipunbandhingaken kaliyan nalika nglafalaken [e]. Dene *fonem /ə/* kalebet *vokal* madya; tengah; *tak bulat; semi-terbuka*. *Data* kalepatan *pelafalan fonem vokal /ɛ/* dipunlafalaken [ə] kasumerepaken ing ngandhap menika.

(11) Kae lho Pak Sardi sing kerja neng [bɛŋkəl] Sidodadi. (KD40)

Saking *data* (11) saged dipunmangertosi bilih ingkang dipunlafalaken lepat menika ing *lafal bengkel*. Tembung **bengkel** miturut bausastra Jawi gadhah teges bingkil. *Fonem vokal /ɛ/* dipunlafalaken [ə] ing *lafal* [bɛŋkəl] mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing madyaning wanda. *Fonem /ɛ/* ingkang dipunlafalaken [ə] ing *lafal* [bɛŋkəl] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, amargi boten kapanggihaken tegesipun. Satemah anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [bɛŋkəl].

Miturut asiling wawan pirembagan kaliyan Ms Kirrilly McKenzie nalika tanggal 22 Juni 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih kiranging gladhen anggenipun nglafalaken *fonem-fonem* basa Jawi amargi para paraga menika boten saged saben dinten mireng tiyang wicantenan ngginakaken basa Jawi. Satemah paraga boten kulina mocapaken *fonem* basa Jawi ingkang leres.

**g. Fonem vokal /e/ dipunlafalaken [ə]**

Wujuding kalepatan *fonem vokal* ingkang salajengipun inggih menika *fonem vokal /e/* dipunlafalaken [ə]. *Fonem /e/* kalebet *vokal* madya; tengah; *tak bulat; semi-tertutup*. Dene *fonem /ə/* kalebet *vokal* andhap; madya; bulat; *semi-tertutup*. *Data* kalepatan *pelafalan fonem vokal /e/* dipunlafalaken [ə] ingkang kasumerepaken ing panaliten menika kados ing ngandhap menika.

(12) Eh.. sampun.. boten sah [rəpət- rəpət], Pak. (KD71)

Saking *data* (12) saged dipunmangertosi bilih *fonem* ingkang dipunlafalaken lepat inggih menika ing *lafal repot-repot*. Tembung **repot** ingkang dipunlafalaken [rəpət] mujudaken kalepatan *pelafalan fonem /e/* ingkang mapanipun ing wanda kapisan. *Fonem /ə/* ingkang dipunlafalaken [e] ing *lafal* [rəpət] menawi dipunpadosi tegesipun ing bausatra Jawi gadhah makna lapur utawi paring kawruh dhateng kapulisen. Menawi dipuntingali saking *konteks* ukara menika kalebet lepat. Anggenipun nglafalaken *lafal repot* ingkang leres kaliyan *konteks* ukara inggih menika [repət] ingkang gadhah teges rebyeg utawi ngreribedi.

Kalepatan ingkang sami ugi kasumerepaken ing *data* ngandhap menika.

(13) Mangga lenggah mriki [kəməwən]. (KD72)

Saking *data* (13) saged dipunmangertosi bilih ingkang dipunlafalaken lepat inggih menika *lafal kemawon*. *Fonem vokal /e/* ingkang dipunlafalaken [ə] ing *lafal* [kəməwən] mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing wanda kapisan. *Fonem /e/* ingkang dipunlafalaken [ə] ing *lafal* [kəməwən]



menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat amargi boten kapanggihaken tegesipun. Satemah anggenipun nglafalaken t ingkang leres inggih menika [kemawɔn].

Miturut asiling wawan pirembagan kaliyan Ms Kirrilly McKenzie nalika tanggal 22 Juni 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih panutur boten setiti anggenipun nglafalaken. Sinaosa nalika para paraga menika nglafalaken lepat sampun dipunleresaken dhumateng dosen, ananging taksih kadadosan wontening kalepatan *pelafalan* amargi boten gampil anggenipun ngleresaken dening tiyang ingkang basa kapisanipun inggih basa Inggris.

#### **h. *Fonem vokal /i/ dipunlafalaken [ɛ]***

Kalepatan *pelafalan fonem vokal* ingkang kaping sekawan inggih menika *fonem vokal /i/* dipunlafalaken [ɛ]. *Fonem /i/* kalebet *vokal* inggil; ngajeng; *tak bulat; tertutup*. Dene *fonem vokal /ɛ/* kalebet *vokal* madya; tengah; *tak bulat; semi-terbuka*. *Fonem /i/* ingkang dipunlafalaken [ɛ] kasumerepaken ing *data* ngandhap menika.

(14) Ngantos sepriki rak boten wonten ingkang ngertos [ndələkipun] wonten pundi? (KD97)

Saking *data* (14) menika saged dipunmangertosi bilih *fonem* ingkang dipunlafalaken lepat inggih menika *lafal ndhelikipun*. *Fonem ndhelikipun* ingkang dipunlafalaken [ndələkipun] mujudaken kalepatan *pelafalan fonem /i/* ingkang mapanipun ing wanda kaping kalih. *Fonem* ingkang kedahipun dipunlafalaken [I] nanging dipunlafalaken [ɛ] ing *lafal ndhelikipun* menawi

dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat. Anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [ndəɪkɪpUn].

Miturut asiling wawan pirembagan kaliyan Prof. Dr. George Quinn nalika tanggal 23 Januari 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih para paraga kesesa anggenipun nglafalaken *fonem-fonem* basa Jawi. Sinaosa bab *fonologi* sampun kaandharaken dhumateng para siswa, ananging namung prasaja sanget satemah saged ndayani wontenipun kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang*.

## 2. Kalepatan *Pelafalan Fonem Konsonan*

Wujuding kalepatan anggenipun ngginakaken *fonem* basa Jawi ingkang kaping kalih dipunrembag inggih menika kalepatan *pelafalan fonem konsonan*. Kalepatan *pelafalan* kasebut wonten gayutanipun kaliyan cara anggenipun nglafalaken *fonem-fonem konsonan* basa Jawi ingkang lepat. *Fonem konsonan* salebeting satunggaling tembung dipunlafalaken dados *fonem* sanesipun. Wonten 8 jinis *fonem konsonan* ingkang dipunlafalaken lepat dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* menika. Kalepatan *pelafalan fonem konsonan* ingkang kasumerepaken ing panaliten menika inggih *fonem konsonan* /d/ dipunlafalaken [d], *fonem konsonan* /d/ dipunlafalaken [d], *fonem konsonan* /t/ dipunlafalaken [t], *fonem konsonan* /t/ dipunlafalaken [t], *fonem konsonan* /t/ dipunlafalaken [ʔ], *fonem konsonan* /t/ dipunlafalaken [d], *fonem konsonan* /g/ dipunlafalaken [ʔ], saha *alofon* /ʔ/ dipunlafalaken [k]. Kalepatan *pelafalan fonem konsonan* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

**a. Fonem konsonan /d/ dipunlafalaken [d]**

Wujuding kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ingkang dipuntindakaken dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* ingkang salajengipun inggih menika kalepatan *fonem konsonan /d/* dipunlafalaken [d]. *Fonem konsonan /d/* kalebet *konsonan hambat letup apiko-palatal* nyuwanten *oral*. Wondene *fonem konsonan /d/* kalebet *konsonan hambat letup apiko-dental* nyuwanten *oral*. *Data* kalepatan *pelafalan fonem konsonan /d/* dipunlafalaken [d] kasumerepaken ing ngandhap menika.

(15) Iya.. wis pirsu. Wong [dɛ?] Setu kepungkur wis rawuh saka Pacitan. (KD39)

Saking *data* (15) menika saged dipunmangertosi bilih ingkang kalebet lepat menika ing *lafal dhek*. Menawi dipuntingali saking bausastra Jawi tegesipun tembung **dhek** inggih menika kala, nalika, ing nalika. *Fonem konsonan /d/* ingkang dipunlafalaken [d] ing *lafal [dɛ?]* mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing wiwitaning wanda. *Fonem* ingkang kedahipun dipunlafalaken [d] nanging dipunlafalaken [d] ing *lafal [dɛ?]* menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, amargi boten kapanggihaken tegesipun. Satemah *pelafalan* ingkang leres inggih menika [dɛ?].

Kalepatan ingkang sami ugi kasumerepaken ing *data* ngandhap menika.

(16) Inggih, Pak. Kula Suparto. Wonten perlu menapa kok [bade] pinanggih kaliyan kula? (KD87)

Saking *data* (16) menika saged dipunmangertosi bilih ingkang kalebet lepat menika ing *lafal badhe*. Menawi dipuntingali saking bausastra Jawi

tegesipun tembung **badhe** inggih menika arep, bakal, ora suwe nuli. Dene menawi dipunlafalaken [bade] menika menawi dipuntingali saking bausastra Jawi boten kasumerepaken tegesipun. *Lafal badhe* ingkang dipunlafalaken [bade] mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing wiwitaning wanda. *Fonem* ingkang kedahipun dipunlafalaken [d] nanging dipunlafalaken [d] ing *lafal* [bade] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, satemah *pelafalan* ingkang leres inggih menika [bade].

Miturut asiling wawan pirembagan kaliyan Ms Kirrilly McKenzie nalika tanggal 22 Juni 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih kiranging gladhen anggenipun nglafalaken *fonem-fonem* basa Jawi amargi para paraga menika boten saged saben dinten mireng tiyang wicantenan ngginakaken basa Jawi. Satemah paraga boten kulina mocapaken *fonem* basa Jawi ingkang leres. Sinaosa nalika para paraga menika nglafalaken lepat sampun dipunleresaken dhumateng dosen, ananging taksih kadadosan wontening kalepatan *pelafalan* amargi boten gampil anggenipun ngleresaken dening tiyang ingkang basa kapisanipun inggih basa Inggris.

#### **b. *Fonem konsonan /d/ dipunlafalaken [d]***

Wujuding kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ingkang dipuntindakaken dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* ingkang sepisan inggih menika kalepatan *fonem konsonan /d/ dipunlafalaken [d]*. *Fonem konsonan /d/ kalebet konsonan hambat letup apiko-dental nyuwanten oral*. Wondene *fonem konsonan /d/ kalebet konsonan hambat letup apiko-palatal nyuwanten oral*. *Data*

kalepatan *pelafalan fonem konsonan /d/* dipunlafalaken [ɖ] kasumerepaken ing ngandhap menika.

(17) Loh, tak kira [kiɖul] omahe Bu Sardi. (KD4)

Saking *data* (17) saged dipun mangertosi bilih ingkang kalebet lepat menika ing *lafal kidul*. Tembung **kidul** menawi dipuntingali ing bausastra Jawi gadhah teges inggih menika araning keblat kosok bangsulipun ler. *Pelafalan fonem konsonan /d/* ingkang dipunlafalaken [ɖ] ing *lafal* [kiɖul] mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing wiwitaning wanda. *Fonem* ingkang kedahipun dipunlafalaken [d] nanging dipunlafalaken [ɖ] ing *lafal* [kiɖul] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, amargi boten kapanggihaken tegesipun. Satemah *pelafalan* ingkang leres inggih menika [kiɖul].

Kalepatan ingkang sami ugi kasumerepaken ing *data* ngandhap menika.

(18) Gudheg? Aku paling [ɖoyan] mangan roti karo ngombe kopi manis. (KD11)

Saking *data* (18) menika saged dipunmangertosi bilih ingkang kalebet lepat menika ing *lafal doyan*. Menawi dipuntingali saking bausastra Jawi tegesipun tembung **doyan** inggih menika kersa dhahar (amargi rumaos eca). *Pelafalan fonem konsonan /d/* ingkang dipunlafalaken [ɖ] ing *lafal* [ɖoyan] mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing wiwitaning tembung. *Fonem* ingkang kedahipun dipunlafalaken [d] nanging dipunlafalaken [ɖ] ing *lafal* [ɖoyan] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, amargi boten kapanggihaken tegesipun. Satemah *pelafalan* ingkang leres inggih menika [ɖoyan].

Miturut asiling wawan pirembaran kaliyan Prof. Dr. George Quinn nalika tanggal 23 Januari 2018 ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem konsonan /d/* dipunlafalaken [d] inggih panci radi awrat anggenipun badhe mbedakaken awit *fonem* kasebut boten dipunpinanggihaken ing basa Inggris.

**c. *Fonem konsonan /t/ dipunlafalaken [t]***

Wujuding kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ingkang dipuntindakaken dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* ingkang salajengipun inggih menika kalepatan *fonem konsonan /t/* dipunlafalaken [t]. *Fonem konsonan /t/* kalebet *konsonan hambat letup apiko-dental* boten nyuwanten *oral*. Wondene *fonem konsonan /t/* kalebet *konsonan hambat letup apiko-palatal* boten nyuwanten *oral*. *Data* kalepatan *pelafalan fonem konsonan /t/* dipunlafalaken [t] kasumerepaken ing ngandhap menika.

(19) Sri, kebangeten [tənan] kowe! (KD57)

Saking *data* (19) menika saged dipunmangertosi bilih ingkang kalebet lepat menika ing *lafal tenan*. Menawi dipuntingali saking basastra Jawi tegesipun tembung **tenan** inggih menika temen, temenan. Dene menawi dipunlafalaken [tənan] dipuntingali saking basastra Jawi boten kasumerepaken tegesipun. *Fonem konsonan /t/* ingkang dipunlafalaken [t] ing *lafal [tənan]* mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing wiwitaning wanda. *Fonem /t/* ingkang dipunlafalaken [t] ing *lafal [tənan]* menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, satemah *pelafalan* ingkang leres inggih menika [tənan].

Kalepatan ingkang sami ugi kasumerepaken ing *data* ngandhap menika.

(20) Criyosipun sampun medal saking rumah sakit [bɔʔən] pamit rumiyin, malah mlajeng dhateng Magelang kaliyan pak dhokter. (KD76)

Saking *data* (20) menika saged dipunmangertosi bilih ingkang kalebet lepat menika ing *lafal boten*. Menawi dipuntingali saking bausastra Jawi tegesipun tembung **boten** inggih menika ora. Dene menawi dipunlafalaken [bɔʔən] menika menawi dipuntingali saking bausastra Jawi boten kasumerepaken tegesipun. *Lafal* [bɔʔən] mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing wiwitaning wanda. *Fonem* ingkang kedahipun dipunlafalaken [t] nanging dipunlafalaken [t] ing *lafal* [bɔʔən] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, satemah anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [bɔʔən].

Miturut asiling wawan pirembagan kaliyan Ms Kirrilly McKenzie nalika tanggal 22 Juni 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih kiranging gladhen anggenipun nglafalaken *fonem-fonem* basa Jawi amargi para paraga menika boten saged saben dinten mireng tiyang wicantenan ngginakaken basa Jawi. Satemah paraga boten kulina mocapaken *fonem* basa Jawi ingkang leres. Sinaosa nalika para paraga menika nglafalaken lepat sampun dipunleresaken dhumateng dosen, ananging taksih kadadosan wontening kalepatan *pelafalan* amargi boten gampil anggenipun ngleresaken dening tiyang ingkang basa kapisanipun inggih basa Inggris.

**d. Fonem konsonan /t/ dipunlafalaken [t]**

Wujuding kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ingkang dipunpanggihi ing sandiwara *Sri Ngilang* ingkang salajengipun inggih menika kalepatan *fonem konsonan /t/* dipunlafalaken [t]. *Fonem konsonan /t/* kalebet *konsonan hambat letup apiko-palatal* boten nyuwanten *oral*. Wondene *fonem konsonan /t/* kalebet *konsonan hambat letup apiko-dental* boten nyuwanten *oral*. *Data* kalepatan *pelafalan fonem konsonan /t/* dipunlafalaken [t] kasumerepaken ing ngandhap menika.

(21) Ndhelika wonten pundi kemawon [məsti] badhe dipunpadosi ngantos kepanggih. (KD98)

Saking *data* (21) menika saged dipunmangertosi bilih ingkang kalebet lepat menika ing *lafal mesthi*. Menawi dipuntingali saking bausastra Jawi tegesipun tembung **mesthi** inggih menika tetep. Dene menawi dipunlafalaken [məsti] dipuntingali saking bausastra Jawi boten kasumerepaken tegesipun. *Lafal mesthi* ingkang dipunlafalaken [məsti] mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing wiwitaning wanda. *Fonem* ingkang kedahipun dipunlafalaken [t] nanging dipunlafalaken [t] ing *lafal* [məsti] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, satemah anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [məsti].

Miturut asiling wawan pirembagan kaliyan Ms Kirrilly McKenzie nalika tanggal 22 Juni 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih kiranging gladhen anggenipun nglafalaken *fonem-fonem* basa Jawi amargi para paraga menika boten saged saben dinten mireng tiyang wicantenan



ngginakaken basa Jawi. Satemah paraga boten kulina mocapaken *fonem* basa Jawi ingkang leres. Sinaosa nalika para paraga menika nglafalaken lepat sampun dipunleresaken dhumateng dosen, ananging taksih kadadosan wontening kalepatan *pelafalan* amargi boten gampil anggenipun ngleresaken dening tiyang ingkang basa kapisanipun inggih basa Inggris.

**e. *Fonem konsonan /t/ dipunlafalaken* [?]**

Wujuding kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ingkang dipuntindakaken dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* ingkang salajengipun inggih menika kalepatan *fonem konsonan /t/* dipunlafalaken [?]. *Fonem konsonan /t/* kalebet *konsonan hambat letup apiko-dental* boten nyuwanten *oral*. Wondene *fonem konsonan /ʔ/* kalebet *konsonan glottal stop* utawi *glotal hamzah* amargi *realisasi alofon fonem* menika dipunlafalaken kanthi *hambatan* ing *pita swanten*. *Data* kalepatan *pelafalan fonem konsonan /t/* dipunlafalaken [?] kasumerepaken ing ngandhap menika.

(22) Kopi sak gelas mang ewu limang atus. Dadi kopi [papa?] pira ya? Rorikur ewu. (KD54)

Saking *data* (22) menika saged dipunmangertosi bilih ingkang kalebet lepat menika ing *lafal papat*. Menawi dipuntingali saking *bausastra* Jawi tegesipun tembung **papat** inggih menika sekawan utawi wilangan. Dene menawi dipunlafalaken [papa?] menika tegesipun boten lantip, wrata boten wonten ingkang nyongat (mbrajul) babag, lamak utawi sami. *Fonem konsonan /t/* ingkang dipunlafalaken [?] ing *lafal* [papa?] mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing pungkasaning tembung. *Fonem* ingkang kedahipun dipunlafalaken

[t] nanging dipunlafalaken [ʔ] ing *lafal* [papaʔ] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, satemah anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [papat].

Miturut asiling wawan pirembagan kaliyan Prof. Dr. George Quinn nalika tanggal 23 Januari 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih panutur boten setiti anggenipun nglafalaken. Sinaosa nalika para paraga menika nglafalaken lepat sampun dipunleresaken dhumateng dosen, ananging taksih kadadosan wontening kalepatan *pelafalan* amargi boten gampil anggenipun ngleresaken dening tiyang ingkang basa kapisanipun inggih basa Inggris.

#### f. *Fonem konsonan /t/ dipunlafalaken [d]*

Wujuding kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ingkang dipuntindakaken dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* ingkang salajengipun inggih menika kalepatan *fonem konsonan /t/* dipunlafalaken [d]. *Fonem konsonan /t/* kalebet *konsonan hambat letup apiko-dental* boten nyuwanten *oral*. Wondene *fonem konsonan /d/* kalebet *konsonan hambat letup apiko-palatal* nyuwanten *oral*. Data kalepatan *pelafalan fonem konsonan /t/* dipunlafalaken [d] kasumerepaken ing ngandhap menika.

(23) Mengko aku [ɖaʔ] sowan karo kanca-kanca. (KD57)

Saking *data* (23) menika saged dipunmangertosi bilih ingkang kalebet lepat menika ing *lafal tak*. Menawi dipuntingali saking basastra Jawi tegesipun tembung *tak* inggih menika kula utawi dak. Dene menawi dipunlafalaken [ɖaʔ]

menika menawi dipuntingali saking bausastra Jawi tegesipun boten (ndak). *Fonem konsonan /t/* ingkang dipunlafalaken [d] ing *lafal* [ɗa?] mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing wiwitaning wanda. *Fonem* ingkang kedahipun dipunlafalaken [t] nanging dipunlafalaken [d] ing *lafal* [ɗa?] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, satemah anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [ta?].

Miturut asiling wawan pirembagan kaliyan Prof. Dr. George Quinn nalika tanggal 23 Januari 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih panutur boten setiti anggenipun nglafalaken. Sinaosa nalika para paraga menika nglafalaken lepat sampun dipunleresaken dhumateng dosen, ananging taksih kadadosan wontening kalepatan *pelafalan* amargi boten gampil anggenipun ngleresaken dening tiyang ingkang basa kapisanipun inggih basa Inggris. Bab sanesipun inggih para paraga dereng kulina mireng lan mocapaken fonem-fonem basa Jawi amargi ing padintenan boten kapanggihaken tiyang ingkang wicantenan ngginakaken basa Jawi.

#### **g. *Fonem konsonan /g/ dipunlafalaken* [?]**

Wujuding kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ingkang dipuntindakaken dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* ingkang salajengipun inggih menika kalepatan *fonem konsonan /g/* dipunlafalaken [?]. *Fonem konsonan /g/* kalebet *konsonan hambat letup dorso-velar nyuwanten oral*. Wondene *fonem konsonan /ʔ/* kalebet *konsonan glottal stop* utawi *glotal hamzah* amargi *realisasi alofon fonem* menika dipunlafalaken kanthi *hambatan* ing *pita*

swanten. *Data* kalepatan *pelafalan fonem konsonan /g/* dipunlafalaken [?] kasumerepaken ing ngandhap menika.

(24) Kangge informasi langkung jangkep, mangga para pamirsa kula aturi midhangetaken katranganipun Bapak Teguh Prakoso, kepala Polres Malioboro ingkang nembe wawan [remba?] kaliyan wartawan Caraka TV Endang Winarni. (KD94)

Saking *data* (24) menika saged dipunmangertosi bilih ingkang kalebet lepat menika *lafal rembag*. Menawi dipuntingali saking basastra Jawi tegesipun tembung **rembag** inggih menika rembug. Dene menawi dipunlafalaken [remba?] menawi dipuntingali saking basastra Jawi boten kasumerepaken tegesipun. *Fonem konsonan /g/* ingkang dipunlafalaken [?] ing *lafal* [remba?] mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing pungkasaning tembung. *Fonem* ingkang kedahipun dipunlafalaken [g] nanging dipunlafalaken [?] ing *lafal* [remba?] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, satemah anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [rəmbag].

Miturut asiling wawan pirembagan kaliyan Prof. Dr. George Quinn nalika tanggal 23 Januari 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih panutur boten setiti anggenipun nglafalaken. Sinaosa nalika para paraga menika nglafalaken lepat sampun dipunleresaken dhumateng dosen, ananging taksih kadadosan wontening kalepatan *pelafalan* amargi boten gampil anggenipun ngleresaken dening tiyang ingkang basa kapisanipun inggih basa Inggris. Bab sanesipun inggih para paraga dereng kulina mireng lan mocapaken fonem-fonem basa Jawi amargi ing padintenan boten kapanggihaken tiyang ingkang wicantenan ngginakaken basa Jawi

#### **h. Alofon konsonan /ʔ/ dipunlafalaken [k]**

Wujuding kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ingkang dipuntindakaken dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* ingkang salajengipun inggih menika kalepatan *fonem konsonan /ʔ/* dipunlafalaken [k]. *Fonem konsonan /ʔ/* kalebet *konsonan glottal stop* utawi *glotal hamzah* amargi *realisasi alofon fonem* menika dipunlafalaken kanthi *hambatan* ing *pita* swanten. Wondene *fonem konsonan /k/* kalebet *konsonan hambat letup dorso-velar* boten nyuwanten *oral*. *Data* kalepatan *pelafalan fonem konsonan /ʔ/* dipunlafalaken [k] kasumerepaken ing ngandhap menika.

- (25) Boten napa-napa kok, [pak], Bu. Kula pancen sok semaput kados ngoten kemawon. (KD91)

Saking *data* (25) menika saged dipunmangertosi bilih ingkang kalebet lepat menika *lafal Pak*. Menawi dipuntingali saking bausastra Jawi tegesipun tembung **Pak** inggih menika bapa, bapak, panyeluk marang wong lanang kang rada asor pangkate, gedhe. Dene menawi dipunlafalaken [pak] menika boten kasumerepaken tegesipun. *Fonem konsonan /ʔ/* ingkang dipunlafalaken [k] ing *lafal* [pak] mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing pungkasaning tembung. *Fonem* ingkang kedahipun dipunlafalaken [ʔ] nanging dipunlafalaken [k] ing *lafal* [pak] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, satemah anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [paʔ].

Miturut asiling wawan pirembaran kaliyan Prof. Dr. George Quinn nalika tanggal 23 Januari 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih panutur boten setiti anggenipun nglafalaken. Sinaosa nalika

para paraga menika nglafalaken lepat sampun dipunleresaken dhumateng dosen, ananging taksih kadadosan wontening kalepatan *pelafalan* amargi boten gampang anggenipun ngleresaken dening tiyang ingkang basa kapisanipun inggih basa Inggris.

### 3. Kalepatan *Pelafalan* awujud *Metatesis*

Wujuding kalepatan anggenipun ngginakaken *fonem* basa Jawi ingkang kaping tiga dipunrembag inggih menika kalepatan *pelafalan* awujud *metatesis*. Kalepatan *pelafalan fonem metatesis* tegesipun kalepatan anggenipun ngginakaken sipat nalika maos inggih saking kiwa lajeng nengen ing tetembungan utawi kawastanan sasar-susur anggenipun ngendikan. Ewahing *fonem* salebeting satunggaling *lafal* dados *fonem* sanesipun. Wonten 5 jinis ewahing *fonem* ingkang dipunlafalaken lepat dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* menika. Kalepatan *pelafalan* awujud *metatesis* ingkang kasumerepaken ing panaliten menika inggih *fonem vokal /a/* dados [ə], *fonem /u/* dados [i], *fonem /u/* dados [ə], *fonem vokal /ə/* dados [a], lan *fonem konsonan /c/* dados /p/. Kalepatan *pelafalan* awujud *metatesis* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

#### a. *Fonem vokal /a/* dipunlafalaken [ə]

Kalepatan *pelafalan* awujud *metatesis* ingkang sepisan inggih menika *fonem vokal /a/* dipunlafalaken [ə]. *Fonem /a/* kalebet *vokal* andhap; ngajeng; *tak bulat*; lan tinarbuka. Dene *fonem /ə/* kalebet *vokal* andhap; madya; bulat; *semi-tertutup*. *Fonem /a/* ingkang dipunlafalaken [ə] kasumerepaken ing *data* ngandhap menika.

(26) Pak Sardi, kula nyuwun [pəŋapuntən]. (KD82)

Saking *data* (26) saged dipunmangertosi bilih ingkang dipunlafalaken lepat menika *lafal pangapuntèn*. *Fonem /a/* ingkang dipunlafalaken [ə] ing *lafal* [pəŋapuntən] mujudaken kalepatan *pelafalan fonem /a/* ingkang mapanipun ing wanda sepisan menga. *Fonem* ingkang kedahipun dipunlafalaken [a] nanging dipunlafalaken [ə] ing *lafal* [pəŋapuntən] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, amargi boten kapanggihaken tegesipun ing bausastra Jawi. Satemah anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [paŋapuntən].

Miturut asiling wawan pirembaran kaliyan Prof. Dr. George Quinn nalika tanggal 23 Januari 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih para paraga kesesa anggenipun nglafalaken *fonem-fonem* basa Jawi. Sinaosa bab *fonologi* sampun kaandharaken dhumateng para siswa, ananging namung prasaja sanget satemah saged ndayani wontenipun kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang*.

#### **b. *Fonem vokal /u/ dipunlafalaken [i]***

Kalepatan *pelafalan* awujud *metatesis* ingkang salajengipun inggih menika *fonem vokal /u/* dipunlafalaken [i]. *Fonem /u/* kalebet *vokal* inggil; wingking; *bulat*; *tertutup*. Dene *fonem vokal /i/* kalebet *vokal* inggil; ngajeng; *tak bulat*; *tertutup*. *Fonem /u/* ingkang dipunlafalaken [i] kasumerepaken ing *data* ngandhap menika.

(27) Kepenak ya [luŋgih] neng kene. (KD14)

Saking *data* (27) *lafal* ingkang nedahaken kalepatan inggih menika **lungguh**. Tembung **lungguh** miturut bausastra Jawi gadhah teges lenggah. *Fonem /u/* ingkang dipunlafalaken [i] ing *lafal* [luŋgih] nedahaken kalepatan *pelafalan*

ingkang mapanipun ing madyaning wanda. *Fonem* ingkang kedahipun dipunlafalaken [U] nanging dipunlafalaken [i] ing *lafal* [luŋgih] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, amargi boten kapanggihaken tegesipun ing bausastra Jawi. Satemah anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [luŋgUh].

Miturut asiling wawan pirembagan kaliyan Prof. Dr. George Quinn nalika tanggal 23 Januari 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih panutur boten setiti anggenipun nglafalaken. Sinaosa nalika para paraga menika nglafalaken lepat sampun dipunleresaken dhumateng dosen, ananging taksih kadadosan wontening kalepatan *pelafalan* amargi boten gampang anggenipun ngleresaken dening tiyang ingkang basa kapisanipun inggih basa Inggris.

### c. *Fonem vokal /u/ dipunlafalaken [ə]*

Wujud kalepatan *pelafalan metatesis fonem* ingkang salajengipun inggih menika kalepatan *pelafalan fonem vokal /u/* ingkang dipunlafalaken [ə]. *Fonem /u/* kalebet *vokal* inggil; wingking; *bulat; tertutup*. Dene *fonem /ə/* kalebet *vokal* andhap; *madya; bulat; semi-tertutup*. *Fonem /u/* ingkang dipunlafalaken [ə] kasumerepaken ing *data* ngandhap menika.

(28) Wong dhek Setu [kəpəŋkUr] wis rawuh saka Pacitan. (KD39)

Saking data (28) dipunmangertosi bilih *lafal* ingkang nedahaken kalepatan inggih menika **kepungkur**. Tembung **kepungkur** menawi dipuntingali ing bausastra Jawi gadhah teges sampun kliwat, ananging menawi dipunlafalaken



[kəpəŋkUr] boten gadhah makna. *Fonem /u/* ingkang dipunlafalaken [ə] ing *lafal* [kəpəŋkUr] mujudaken kalepatan *pelafalan fonem /u/* ingkang mapanipun ing madyaning wanda. *Fonem /u/* kedahipun dipunlafalaken [u] sanes [ə], menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, amargi boten kapanggihaken tegesipun ing bausastra Jawi. Satemah anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [kəpuŋkUr].

Miturut asiling wawan pirembagan kaliyan Prof. Dr. George Quinn nalika tanggal 23 Januari 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih para paraga kesesa anggenipun nglafalaken *fonem-fonem* basa Jawi. Sinaosa bab *fonologi* sampun kaandharaken dhumateng para siswa, ananging namung prasaja sanget satemah saged ndayani wontenipun kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang*.

#### d. *Fonem vokal /ə/* dipunlafalaken [a]

Kalepatan *pelafalan* awujud *metatesis* ingkang salajengipun inggih menika *fonem vokal /ə/* dipunlafalaken [a]. *Fonem /ə/* kalebet *vokal* madya; tengah; *tak bulat*; *semi-terbuka*. Dene *fonem /a/* kalebet *vokal* andhap; ngajeng; *tak bulat*; lan tinarbuka. *Data* kalepatan *pelafalan fonem vokal /ə/* dipunlafalaken [a] kasumerepaken ing ngandhap menika.

(29) Aku ya kepengin ngerti. Sri, Sri [malas] banget aku karo kowe! (KD48)

Saking *data* (29) saged dipunmangertoasi bilih *lafal* ingkang lepat inggih menika **melas**. Tembung **melas** miturut bausastra Jawi gadhah teges mesakake. *Fonem vokal /ə/* ingkang dipunlafalaken [a] ing *lafal* [malas]

mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing pungkasaning wanda kapisan. *Fonem* ingkang kedahipun dipunlafalaken [ə] nanging dipunlafalaken [a] ing *lafal* [malas] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, amargi boten kapanggihaken tegesipun ing bausastra Jawi. Satemah anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [məlas].

Miturut asiling wawan pirembaran kaliyan Prof. Dr. George Quinn nalika tanggal 23 Januari 2018, perkawis ingkang ndayani kalepatan *pelafalan fonem* menika inggih para paraga kesesa anggenipun nglafalaken *fonem-fonem* basa Jawi. Sinaosa bab *fonologi* sampun kaandharaken dhumateng para siswa, ananging namung prasaja sanget satemah saged ndayani wontenipun kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ing sandiwara *Sri Ngilang*.

**e. *Fonem Konsonan /c/ dipunlafalaken [p]***

Wujud kalepatan *pelafalan* awujud *metatesis* ingkang salajengipun inggih menika kalepatan *pelafalan fonem konsonan /c/* ingkang dipunlafalaken [p]. *Fonem /c/* menika kalebet *konsonan hambat letup medio-palatal* boten nyuwanten *oral*. Dene *fonem /p/* menika kalebet *konsonan hambat letup bilabial* nyuwanten *oral*. *Fonem /c/* ingkang dipunlafalaken [p] kasumerepaken ing *data* ngandhap menika.

(30) Matur nuwun, Mbak Wulan. Bapak Prakoso, menawi kula boten klentu gembong grombolan narkoba Suparto sejatosipun sampun [kəpɛcɛŋ] dening *petugas* pulisi. Lha kok saged lolos menika kados pundi kedadosanipun? Ketingalipun *petugas* pulisi wonten pundi? (KD95)

Saking *data* (30) saged dipunmangertoasi bilih *lafal* ingkang dipunlafalaken lepat inggih menika **kecepeng**. Tembung **kecepeng** saking tembung lingga cepeng miturut bausastra Jawi gadhah teges cekel. *Lafal kecepeng* ingkang dipunlafalaken [kəpɛcɛŋ] mujudaken kalepatan *pelafalan* ingkang mapanipun ing wiwitaning wanda. *Fonem* ingkang kedahipun dipunlafalaken [c] nanging dipunlafalaken [p] ing *lafal* [kəpɛcɛŋ] menawi dipuntingali saking paugeran basa Jawi baku kalebet lepat, amargi boten kasumerepaken tegesipun ing bausastra Jawi. Satemah anggenipun nglafalaken ingkang leres inggih menika [kəcɔpɔŋ].

Miturut asiling wawan pirembagan kaliyan Prof. Dr. George Quinn nalika tanggal 23 Januari 2018 ingkang ndayani kalepatan *pelafalan* ewahing *fonem konsonan /c/* dipunlafalaken [p] inggih kawruh babagan *fonologi* boten cekap menawi namung dipunwaos kemawon. Kedah dipuntrepaken ing gladhi basa, sarta dipunambali terus-terusan salebetipun wekdal ingkang panjang pramila para mahasiswa/paraga saweg saged nguwaosi kanthi sae. Kamangka nalika damel sandiwara menika para mahasiswa/paraga dereng dangu anggenipun tumut Pasinaon Basa Jawi, inggih menika kirang langkung nem wulan utawi 60 jam *pelajaran*.

## BAB V PANUTUP

### A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi wonten sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance Of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn inggih menika kalepatan anggenipun nglafalaken *fonem vokal*, kalepatan anggenipun nglafalaken *fonem konsonan* lan kalepatan pelafalan awujud *metatesis*.

1. Kalepatan *pelafalan fonem vokal* basa Jawi dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn, ingkang kasumerepaken ing panaliten menika inggih *alofon /ɔ/* wujudipun *vokal /ɔ/* dipunlafalaken [a] ing wanda kapisan lan kaping kalih menga, *fonem vokal /ɔ/* dipunlafalaken [o] ing wanda pungkasan menga, *fonem vokal /a/* dipunlafalaken [ɔ] ing wanda kapisan lan kaping kalih menga. *Alofon /ə/* wujudipun *fonem vokal /ə/* dipunlafalaken [ɛ] ing wanda sepisan, *fonem /ə/* dipunlafalaken [e] ing wanda sepisan, *fonem vokal /ɛ/* dipunlafalaken [ə] ing wanda kaping kalih, lan *fonem vokal /e/* dipunlafalaken [ə] ing wanda sepisan. *Fonem /i/* dipunlafalaken [ɛ] ing wanda kaping kalih saha *fonem vokal /u/* dipunlafalaken [u] ing madyaning wanda.
2. Kalepatan *pelafalan fonem konsonan* basa Jawi dening para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn, ingkang kasumerepaken ing panaliten menika inggih *fonem konsonan /d/* wujudipun */d/* dipunlafalaken [d] lan *fonem konsonan /d/* dipunlafalaken [d] ing wanda

kapisan lan kaping kalih. *Fonem konsonan /t/* wujudipun *fonem /t/* dipunlafalaken [t] ing wanda kapisan lan kaping kalih, *fonem konsonan /t/* dipunlafalaken [t] ing wanda kaping kalih, *fonem konsonan /t/* dipunlafalaken [ʔ]ing wanda kaping kalih lan *fonem konsonan /t/* dipunlafalaken [d] ing wiwitaning wanda. *Fonem konsonan /g/* wujudipun *fonem /g/* dipunlafalaken [ʔ] , saha *alofon /ʔ/* dipunlafalaken [k] ing wanda pungkasan.

3. Kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi awujud *metatesis* ingkang kasumerepaken ing panaliten menika inggih *fonem /a/* dados [ə] ing wanda kapisan menga. *Fonem /u/* wujudipun *fonem /u/* dados [i] ing wanda pungkasan lan *fonem /u/* dados [ə] ing wanda kaping kalih. *Fonem vokal /ə/* dados [a] ing wanda kapisan menga, lan *fonem konsonan /c/* dados /p/ ing wanda kaping kalih.
4. Kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi wonten Sandiwara *Sri Ngilang (The Disappearance Of Sri)* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn kadyan saking kiranging nguwaosi *fonem* basa Jawi amargi dereng dangu anggenipun sinau, taksih kadyan saking basa Inggris *aksen* Australia, kirang gladhen lan setiti ngginakaken basa Jawi amargi pasrawungan saben dintenipun kaliyan tiyang ingkang asalipun saking setunggal dhaerah inggih Australia, lan boten kuwawi nglafalaken *fonem* ingkang boten wonten ing basa Inggris.

## **B. Implikasi**

Asiling panaliten menika ngandharaken bilih para paraga ing sandiwara *Sri Ngilang* saking Australia anggenipun nglafalaken *fonem* basa Jawi

taksih nindakaken kalepatan, sinaosa sampun sinau watawis nem wulan utawi 60 jam *pelajaran*. Saking asiling panaliten menika saged dipundadosaken seserepan ngengingi *pelafalan fonem* basa Jawi ingkang leres, satemah boten ngambali kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi.

Kangge panaliti sanesipun, panaliten menika saged dipunginakaken dados seserepan panaliten ingkang gayut kaliyan bab kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi. Asiling panaliten menika dipunajab saged dados bahan kagem mahasiswa, mliginipun mahasiswa basa Jawi ingkang samangke dados dwija supados saged ngandharaken *pelafalan* basa Jawi kanthi trep dhumateng para siswa.

### **C. Pamrayogi**

Kalepatan *pelafalan* basa Jawi narik kawigatosan sanget menawi badhe dipuntliti, amargi kathah babagan ingkang saged dipunudhari. Panaliten menika ngrembag wujud kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi, mapanipun kalepatan *pelafalan* basa Jawi wonten pundi lan perkawis ingkang ndayani wontenipun kalepatan *pelafalan* basa Jawi dening para paraga wonten sandiwara *Sri Ngilang* anggitanipun Prof. Dr. George Quinn. Kathah kalepatan *pelafalan fonem* basa Jawi ingkang kapanggihaken ing panaliten menika lan sampun dipunanalisis miturut paugeran ingkang leres. Pramila awit saking menika dipunajab paraga, pamiarsa lan para pamaos saged mangertosi kalepatan-kalepatanipun satemah boten badhe dipunambali malih.

## KAPUSTAKAN

- Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Depdikbud, 1988. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Balai Pustaka. Jakarta.
- Endraswara, Suwardi. 2011. *Metode Pembelajaran Drama (Apresiasi, Ekspresi, dan Pengkajian)*. Yogyakarta: Caps.
- Hastuti, Sri. 2003. *Sekitar Analisis Kesalahan Berbahasa Indonesia*. Yogyakarta: Mitra Gama Widya.
- Leech, Geoffrey. 1997. *Prinsip-Prinsip Pragmatik*. (Terj. Dr. M.D.D. Oka). Jakarta :UI Press.
- Moleong, Lexy J. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- . 2004. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Mulyani, Siti. 2008. *Fonologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Ningrum, Diyah Kusumaayu Cahya. 2013. *Kalepatan Pocapan Fonem Wonten Ing Sesorah Siswa Kelas VIII SMP Negeri 1 Prambanan*. Skripsi. Yogyakarta: Prodi Bahasa Jawa Program S1 UNY.
- Nurhayati, Endang dan Siti Mulyani. 2006. *Linguistik Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Bagaskara.
- Parera, Jos Daniel. 1997. *Linguistik Edukasional*. Jakarta: Erlangga.
- Pateda, Mansoer. 1989. *Analisis Kesalahan*. Flores: Nusa Indah.
- Poerwadarminta, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen, Batavia: J.B Wolters Uitgevers-Maatschappij N. V.
- Pringgadwidagda, Suwarna. 2002. *Strategi Penguasaan Berbahasa*. Yogyakarta: Mitra Gama Widya.
- Purwanti, Nugraheni Sri. 2013. *Kalepatan Fonologis saha Morfologis Basa Jawi ing Subtittle Film Korea Spy Girl*. Skripsi. Yogyakarta: Prodi Bahasa Jawa Program S1 UNY.

- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisma. 2001. *Paramasastra Jawa Gagrag Anyar*. Surabaya: PT Citra Jaya Mukti.
- Setyawati, Nanik. 2010. *Analisis Kesalahan Berbahasa Indonesia*. Surakarta: Yuma Pustaka.
- Sudaryanto. 1991. *Ejaan Bahasa Jawa Yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa.
- . 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sugiyono. 2009. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Suharso dan Ana Retnoningsih. 2005. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Lux*. Semarang: Widya Karya.
- Tarigan, Djago dan H.G. Tarigan. 1990. *Pengajaran Analisis Kesalahan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- Tim Penyusun Kamus Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa. 1990. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Universitas Negeri Yogyakarta. 2012. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: UNY. University Press.
- Verhaar, JWM. 1996. *Asas-asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada
- Wedhawati, dkk. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius.

Nonpustaka :

Quinn, George. <https://anu-au.academia.edu/GeorgeQuinn>

ingkang dipunundhuh 24 November 2017 wanci 01.32 WIB

----- .  
[https://www.academia.edu/35220155/Malu\\_Bangga\\_Terhibur\\_Jengkel\\_Bingung\\_Muda-Mudi\\_Jawa\\_Menanggapi\\_Sandiwara\\_Video\\_Sri\\_Ngilang\\_yang\\_Dibawakan\\_oleh\\_Pemelajar\\_Asing\\_Ashamed\\_Proud\\_Entertained\\_Annoyed\\_Confused\\_Young\\_Javanese\\_respond\\_to\\_the\\_Javanese-language\\_video\\_play\\_Sri\\_Ngilang\\_performed\\_by\\_foreign\\_learners](https://www.academia.edu/35220155/Malu_Bangga_Terhibur_Jengkel_Bingung_Muda-Mudi_Jawa_Menanggapi_Sandiwara_Video_Sri_Ngilang_yang_Dibawakan_oleh_Pemelajar_Asing_Ashamed_Proud_Entertained_Annoyed_Confused_Young_Javanese_respond_to_the_Javanese-language_video_play_Sri_Ngilang_performed_by_foreign_learners)

ingkang dipunundhuh 24 November 2017 wanci 01.38 WIB



-----  
[https://www.academia.edu/9822688/A\\_Theatrical\\_Approach\\_to\\_the\\_Study\\_of\\_Javanese](https://www.academia.edu/9822688/A_Theatrical_Approach_to_the_Study_of_Javanese)

ingkang dipunundhuh 24 November 2017 wanci 01.42 WIB

# LAMPIRAN

**Lampiran 1. Naskah Sandiwara Sri Ngilang**

**NASKAH SANDIWARA Sri Ngilang**

**Babak 1**

- Parto : Ndhung.. Landhung.. nyang endi kowe?
- Landhung : Hey, To. Aku arep nyang kost e Sri.
- Parto : Sri sing ayu? Kancane Narsih? Lha kost e Sri neng endi?
- Landhung : Cerak Pasar Lempuyangan.
- Parto : Cerak Pasar Lempuyangan? Lho tak kira kidul omahe Bu Sardi.
- Landhung : Kidul omahe Bu Sardi? Ora.. ora ngerti lor kidul. Cerak Pasar Lempuyangan, To. Lha kowe arep nyang endi?
- Parto : Aku yo arep lunga neng kost e Sri.
- Landhung : Oh ngono ta.. tak kira lunga nyang kampus. Nek ngono bareng yo!
- Parto : Ya..
- Landhung : Kowe seneng ketemu karo sapa? Narsih apa Sri?
- Parto : Anu.. karo Sri.
- Landhung : Oh seneng ketemu karo Sri. Kowe seneng karo Sri, ta?
- Parto : Ora.. mung arep sinau. Mung arep lunga neng perpustakaan karo Sri.
- Landhung : Lunga nyang perpustakaan? Ah tenane? Arep sinau neng perpustakaan apa lunga nyang Malioboro Mall? Hayoo...
- Parto : Ndhung.. Ndhung.. aku ngelih banget. Apa kowe ngelih?
- Landhung : Pancen ngelih aku.
- Parto : Ana dhuwit?
- Landhung : Oh ya.. ya.. yaa.. Ana. Kowe seneng mangan apa?
- Parto : Aku kepengin banget gudheg. Lha kowe mangan apa?
- Landhung : Gudheg? Aku paling doyan mangan roti karo ngombe kopi manis.

Parto : Nek ngono lunga neng restoran iki, enak jare.

Landhung : Oh ya, gelem aku. Ayo lunga neng kono wae!

Parto : Ah ayo!

## **Babak 2**

Parto : Ah kepenak yo lungguh neng kene.

Landhung : Iya.. Pancen penak banget. Aku seneng banget ngombe neng kene.

Parto : Hey.. Nur! Narsih!

Nur & Narsih : Hey.. Mas Parto! Karo Mas Landhung!

Narsih : Suwe ora ketemu, padha slamet, ta?

Landhung : Iya pancen suwe banget ora ketemu. Kene.. kene lungguh neng kene wae!

Parto : Iki mau saka ngendi, Mbak Nur?

Nur : Ya saka kost, saka nendi maneh.

Parto : Mbak Narsih iki mau saka ngendi?

Narsih : Saka Semarang, numpak bus.

Landhung : Saiki kowe manggon neng Semarang, to? Tak kira isih kost neng Pasar Lempuyangan.

Narsih : Ora, to. Omahku saiki neng Candi, Semarang. Wis suwe.

Landhung : Penak, ya. Nek omahmu neng Candi ora panas.

Narsih : Pancen! Ning adoh saka kutha. Saben dina aku kudu numpak bus menyang kutha. Suwe banget! Mas Parto, kowe isih kuliah apa wis nyambut gawe?

Parto : Isih kuliah, ya. Aku sinau akuntansi lan Basa Inggris.

Narsih : Oh.. ngono ta.

Landhung : Lha saiki kowe arep menyang ngendi?

Narsih : Arep tilik kanca nyang rumah sakit.

Landhung : Sapa ta?

Nur : Sri.. kancaku sak kost neng Lempuyangan.

- Parto : Haa! Sri mlebu rumah sakit? Adhuh.. mesakake!
- Narsih : Iya pancen.. mesakake banget! Apa kowe arep melu nyang rumah sakit?
- Landhung : Ya! Arep mara jam pira?
- Narsih : Mengko sore kira-kira jam nem.
- Parto : Jam nem? Wah aku ora bisa. Aku kudu masak neng omah mengko sore.
- Narsih : Kudu masak? Nek ngono mengko awan wae, bisa?
- Parto : Ya.. bisa.. bisa. Numpak apa? Bus apa taksi?
- Landhung : Numpak becak wae! Cukup becak siji kanggo wong papat!
- Narsih : Wah ya seg-segan to wong becake cilik!
- Landhung : Lha rak malah anget to Nar, nek seg-segan?
- Parto : Sik.. kosik.. Mengko dhisik. Wong tuwane apa wis pirsane yèn putrane neng rumah sakit?
- Nur : Iya.. wis pirsane. Wong dhek Setu kepungkur wis rawuh saka Pacitan.
- Landhung : Oh.. daleme neng Pacitan, ta. Lha saiki nyare neng ngendi?
- Nur : Neng daleme Pak Sardi. Kae lho Pak Sardi sing kerja neng bengkel Sidodadi. Kidul Bioskop Ria.
- Parto : Apa wong tuwane wis tindak rumah sakit?
- Nur : Iya uwis, To. Dhek wingi. ngendikane bapakne Sri, Sri lara banget! Tabrakan jare.
- Parto : Ah mesakake tenan! Sakjane rumah sakit sing ngendi to? Bethesda apa Panti Rapih apa Rumah Sakit Muhammadiyah?
- Nur : Ora ngerti aku. Sing ngendi ya? Rumah Sakit Bethesda mbok menawa.
- Parto : Apa kepareng tilik?
- Nur : Mesthine kepareng.
- Parto : Nek ngono mangkat saiki, ayo! Aku kepengin weruh apa Sri tenan lara banget.
- Landhung : Aku ya kepengin ngerti. Sri, Sri melas banget aku karo kowe!

- Parto : Nek ngono bareng wae mangkat saiki, yo!
- Landhung : Sik.. kosik! Padha rung bayar!
- Parto : Ah iya.. aku meh lali. Mbak! Mbak! Pira iki?
- Pelayan : Kopine papat ya? Lha apa maneh? Ora mangan?
- Landhung : Ora, Mbak. Mung kopi manis papat.
- Pelayan : Ora mangan krupuk apa nyamikan?
- Parto : Ora, Mbak. Mung kopi patang gelas, ya.
- Pelayan : Kopi sak gelas mang ewu limang atus. Dadi kopi papat pira ya?  
Rorikur ewu.
- Parto : Wah larang banget! Iki lho.. telung puluh ewu, susuk sangang ewu ya!
- Pelayan : Lhah sangang ewu? Susuke mung wolung ewu, ta?
- Parto : Oh iya pancen wolung ewu.
- Nur : Halo selamat siang. Iya saya sendiri. Karo sapa iki? Ha? Sri?! Sri kowe saiki neng endi? Neng Magelang?! Sri mlayu saka rumah sakit?! Mlayu karo pak dhokter?! Asmane sapa to? Gunawan? Sri, kebangeten tenan kowe! Wong tuwamu wis pirsane nek kowe mlayu saka rumah sakit? Durung?! Sri.. Magelange neng endi? Neng daleme pak dhokter?! Sri.. iya.. iyaa.. Wong tuwamu? Mengko aku tak sowan karo kanca-kanca.
- Narsih : Piye? Kepiye?
- Landhung : Ana apa to si Sri?
- Nur : Kebangeten tenan bocah kuwi! Mlayu saka rumah sakit ora pamit. Mlayu karo dhokter sing asmane Gunawan jare!
- Landhung : Lha jarene tabrakan nganti mlebu rumah sakit? Apa wis mari?
- Nur : Ora ngerti aku. Jarene Sri anggone tabrakan ora tenanan. Ngapusi jare, anggone mlebu rumah sakit mung kepengin ketemu karo dhokter! Sri seneng karo pak dhokter jare.
- Landhung : Oh kasmaran to karo mas dhokter. Lha saiki kepriye?
- Narsih : Yo padha sowan wong tuwane Sri. Wong durung pirsane nek Sri mlayu ora pamit.
- Parto : Nek ngono mangkat saiki neng daleme Pak Sardi. Ayo.. ayo..
- Pelayan : Welah.. sangang.. wolung ewu! Wis lunga.

Parto : Mbak.. Mbak endi susuke? Sangang ewu ya? Oh wolung ewu, matur nuwun.

### **Babak 3**

Wayah sore, daleme Pak Sardi

Pak Sardi : Bu Probo.. Bu Probo sugeng sonten, Bu. Kados pundi saged sare?

Bu Probo : Saged, sekeca sanget.

Pak Sardi : Mangga lenggah mriki, Bu. Manga..mangga.. Sampun siram?

Bu Probo : Sampun, Pak. Seger sanget.

Pak Sardi : Ngunjuk nggih, Bu? Ngunjuk menapa? Ngunjuk teh? Kopi?

Bu Probo : Wah kok repot, Pak. Nggih kopi kemawon.

Pak Sardi : Kopi? Yem! Yem! Kopi kagem ibu, sing legi ya, Yem.

Iyem : Nggih.. mawi nyamikan boten, Pak?

Pak Sardi : Oh ya kudu, masa ya ora nganggo nyamikan. Pilihén sing apik ya, Yem.

